PANGAOS LANGGANAN:
Sasasih f 1.70; sakwartaal f 5.—
Loeareun Indonesia......... f 7.50
Pamajaranana kedah ti pajoen.

AGENT DI EUROPA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
N. Z. Kolk 19. — AMSTERDAM

# „SIPATAHOENAN"

Hoofdred: Bakrie Soeraatmadja (verlof) — Plv. Hfd. red. Mohamad Koerdie
Dikaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun
Hoofdkantoor: Groote Postweg Oost No. 123 Bandoeng, Telf. Red. No. 1520, Adm. No. 1520a, Telf. Hoofdredacteur di imah No. 1530
Drukk. „Tjahja-Pasoendan" – Bandoeng

PANGAOS ADVERTENTIE.
Pamajaranana kedah ti pajoen
pangsaeutikna sakali moeat f 2.50
Sadjadjar kolom............ f 0.25

AGENT DI INDONESIA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
Ryswyk 7B. — BATAVIA-CENTRUM

Djoema'ah 12 April 1935 | 8 Moeharam 1354
Dikaloearkeun 2 lambar
Lambaran ka I No. 83 Taoen ka XII

## Rasa Kabangsaan.

Bedjana, mangsa nagara Walanda digenggem koe Spanje teh, di kalangan bangsa Walanda sorangan rea pasendatanana, lamoen lain moemoesoehan teh. Tapi hebatna desekan pamarentahan asing, ngalantarankeun sabiloeloe nganana kaoem bangsa Walanda kabeh, ngajonan tangan besina don Alvarez Alva de Toledo. Nepi ka derna peperangan 80 taoen (!), malah toeg kana ngentjarna Nederland ti djadjahan deungeun.

Djadi, sareboe kali keur gorgar papaseaan djeung doeloer oge, loentoer koe njanghareupan bangsa lian mah, rasa kabangsaanana koemboeh djadi sabarisan. Dina rasa anoe kabeungkeut koe kabangsaan, mitjinta ka lemah tjaina, maranehanana bisa noenda hoeng-hengna djeung noe sagetih, satoeroenan.

Keur kapentingan bangsa reudjeung noesantara, oerang nagara Walanda rejek sarerea ngajonan moesoeh ti loear, ngeureunan papaseaan noe waktoe tadi beunang diseboetkeun meh taja kendatna.

Sakitoe pangaroehna rasa kabangsaan teh.

Tjonto deui:

Djaman peperangan antara Rusland djeung Polen. Mangsa harita Rusland teh kakara prak pisan diparentah koe azas communisme, noe toedjoeanana imbang-imbangan boemi djeung langit oepama dibandingkeun kana paparentahan djaman Tsaar teh. Koe lantaran djaman harita (perang reudjeung Polen tea) kaajaan nagara beunang diseboetkeun keur aja dina overgangsperiode, Rusland njasat anjar dibalik lemah, atoeh soesoenan paparentahanana oge djaoeh toenana ti Sovjet ajeuna. Balatantara nagara, beunang diseboetkeun operan ti pamarentah heubeul, meunang maksa-miroesa, meunang ngareboet, perdjoerit anoe papalingpang toedjoeanana djeung haloean Rusland harita, anti communisme. Lain ngan barisan reana bae, tapi oge pirang-pirang opsir didjenengkeun koe Tsaar, noe soemangatna kana ngajakeun......... contra-revolutie!

Ringkesna mah, keur opsir-opsir djeung balatantara noe sedjen sedjenna anoe diterangkeun bieu, pamarentah Rusland harita teh sa rea djeung moesoehna, moesoeh dina paham, moesoeh dina tangtoengan kapoelitikanana. Maranehanana soengkan diparentah koe kakawasaan communisme, maranehanana pageuh mageuhan soemangat Tsaar.

Tapi, lantaran Rusland perang djeung Polen, lemah tjaina ngajonan nagara deungeun, bangsana noe sagetih diantjam bangsa deungeun, hih......... moesna soemangat anti-communisme atawa anti-pamarentah communist teh, njingraj kalindih koe soemangat kabangsaan, iklas lali rabi tegang pati, babarengan ngajonan moesoeh ti nagara loear (Polen), da pada jakin, kalakoeanana anoe kitoe teh hartina ngabela bangsa djeung lemah tjai, ngawoelaan soe tjina rasa kabangsaan.

Lebah dieu pisan malah anoe matak reugreugna pamarentah Sovjet-Rusland kiwari dina njang hareupan politiek doenja teh. Itoengan noe aja di sa-loeareun Rusland, madjar ieu nagara mah lamoen ngajakeun peperangan teh hartina saroea djeung tjarem, lantaran dina derna, lain ngan koedoe ngajonan moesoeh ti loear bae, tapi oge ti djero nagara, da geus bisa ditangtoekeun kana bakal timboelna contra-revolutie ti noe anti-communist. Tapi noe geus bisa dipake boekti, rasa tjeutieub ka bangsa atawa pamarentah sorangan teh leëh koe dibawa ngajonan bangsa atawa nagara lian mah.

Saroepa deui noe tjan sabaraha lilana kadjadian di djadjahan Saarland,

Pidoeataoeneun deui kana diajakeun plebisciet, dina hidji pilihan, kaoem kominis (internationalisme) masih keneh meunangkeun se teman Rayat 25 pCt., kaoem democraat 10 pCt. tina djoemblahna sora Rayat oemoem.

## Pasoendan

### Ti Madjalengka.

**BOEDAK PALID, NOE DIPAEHAN DJEUNG DJALMA LEUNGIT.**

Dina sore Rebo noe anjar kaliwat, di desa Padahanten onderdistrict Soekahadji, doea boedak nanggoeng tas ti sawah rek balik ka lemboerna meuntas waloengan Tjipada, lantaran ti girangna hoe djan gede teu woedoe bandjirna teh.

Noe saoerang meh nepi ka sisi, ari noe hidji deui masih di tengah tjai, bandjirna kaboeroe datang, atoeh heong bae doeanana kabawa palid.

Oentoeng noe hidji deui mah bisa ngabela dirina koe ngeumbing akar, tapi noe hidji deui nepi ka hanteuna.

Malem Kemisna salah sahidji oerang desa eta keneh geus ditéang koe oerang Doekoehsetoe desa Tjigasong, dibedjaan aja perloe.

Noe diteang, lantaran nganggap kolot, gantjang datang, tapi awakna keur apes, perloe teh lain badami atawa naon bae, tjek paribasa mah sosoroh kedjor, di teunggeul sirahna koe barang teuas.

Sanggeusna katendjo nambroe pamadjikanana noe mergasa teh neang familiena, soepaja nganteurkeun ka imahna djeung dipasrahkeun ka pamadjikanana.

Noe dititah teu pandjang ingetan, kod bae ngagandong. Sadatangna ka lemboer (Padahanten) dipasrahkeun.

Poegoeh bae pamadjikan djeung doeloerna gantjang lapor ka politie, djeung politie moal neangan djoerig noe teu kadeuleu noe ngagandong tea bae dikoerawed.

Ari noe neunggeulna teroes ngiles, nepi ka ditoelisna ieu bedja perkara djeung boeronna teh masih teroes dioesoet djeung ditaloengtik koe politie.

Oerang desa Tarikolotmoendjoel onderdistrict Madjalengka, ti mimiti powe Senen ieu dibedjakeun leungit, tapi pantesna mah palid di Tjiloetoeng.

Kieu tjek tjarita noe miloe njalametkeun njoesoer tanahna.

---

Tapi koemaha boektina di Saar plebisciet anoe didjalankeun tanggal 13 Januari 1935?

90.8 pCt. tina soara Rayat Saarland, pro-kabangsaanana, pro-Duitschland, lemah tjaina!

Ngan.......... 9.2 pCt. Rayat Saarland anoe loentoer rasa kabangsaanana!

Padahal, geus diawag ti samemehna, geus koengsi rame djadi tjarita djalma rea, koemaha mitjeu tjeubna oerang Saarland kana paparentahan Hitler noe sakitoe dedeglerna. Malah nja ieu pisan anoe matak ngandelan hatena pihak nagara sedjen (Frankrijk babakoena) oge, gede harepan Saarlanders bakal noekang nonggong kana kabangsaan djeung lemah tjaina. Atoeh koemaha da koengsi rea anggapan, madjar oerang Saarland harajang balik deui ka Djerman soteh, lain kana paparentahan Hitler ajeuna.

En toch........., dina boektina bohong, b o h o n g, dina kaajaan koemaha bae, sala sahidji bangsa h e n t e u soeda rasa kabangsaanana: dina seuhseuhanana mah rasa kabangsaan teh henteu kaelehkeun koe pangaroeh lian.

*Boeroek-boeroek papan djatil...* Kitoe geuning tjeuk paribasa Soenda titinggal karoehoenna.

Anoe matak, oepama ngabandoengan kadjadian-kadjadian di loehoer anoe bisa dipake boekti djeung tjonto, pohara salahna oerang njatjampah kana kakoeatana na r a s a - k a b a n g s a a n sala sahidji bangsa teh.

Sapandjang „ngotjor" getih dina dirina, r a s a kabangsaanana oge moal poejar teu karoehan, moal leboer sanadjan koe paham naon bae noe sakadar moentjoel tina oeteuk manoesa loembrah!

Ieu bisa dipake patokan koe sarerea!.........

Mh.K.

Djalma noe jilaka teh bisa njieun areng: di gawir (lamping Tjiloetoeng desa noe kaseboet tjikeneh, manehanana njieun areng, dina waktoena powe noe kaseboet teh henteu datang, toeloej dilaporkeun ka desa.

Djalma loba neangan ngoelibek teu manggihan tapak-tapakna atawa sedjenna, ngan iketna bae aja di sisi waloengan noe kaseboet di loehoer tea.

Koe sabab e' pada naksir, tangtoe eta djalma palid djeung aja deui noe njangka jen henteu palid tapi leungit.

**DJALAN R.R. MADJA — TALAGA.**

Geus katjida lawasna djalan anoe kaseboet di loehoer teh rek diomeanana, sangkan bisa didjalanan koe kendaraan, tapi koe wangwangan, pikeun ongkosna moal tjoekoep koe poeloeh roepija, tapi koedoe aja ratoesna reboe.

Ajeuna lantaran R.R. geus tjoekoep ngabereskeunana djalan-djalan bagian Kaler, kakara rek malik ngidoel.

Ajeuna teh keur hiboet pisan dioekoer djeung dipariksa koe Opzichterna.

Asa moal lila deui dina datangna kapoetoesan begrooting oge tangtoe ngamimitian diboeka.

Sadjabana ti ngadjadikeun piatoheun noe sok mindeng ngaliwat ka dinja, bakal aja sakadar pakoelian pikeun Haen dina waktoe ajeuna anoe sakieu tigeratna.

**TIGERAT DJEUNG PANEN**

Dina waktoe ieu tigerat geus lain soeal noe koedoe ditjaritakeun deui tjara koemaha kaajaan djalma anoe teu boga sadiaan dahareun.

Ti sababaraha djalma noe aja di kalereun district Djatiwangi njaritakeun panaloengtikanana anoe djadi wakil nagara, djoeragan Tjamat djeung Wadana Djatibarang mah bener-bener saban powe aja poeloehna noe ngadon dahar ti pakampoengan.

Kg. Dalem ti Madjalengka mindengna mah ngaronda ka desa bawahan district noe kaseboet tjikeneh tea, malah aja kadjadian noe djoe ronda di salah-sahidji desa bawahan Ligoeng, di djalan-djalan eta desa teu katendjo aja djalma-djalma miskin (kakoerangan dahareun) noe digarawe tjara desa sedjen.

Dipariksakeun ka koewoena, sarta Koewoe teh oendjoekan tjenah: „ajeuna mah berekah, henteu kakirangan tedaeun........." enz.

Tangtoe pisan Kg. Dalem teh nampina oendjoekan saroepa kitoe henteu gantjang soegema, lantaran boektina di eta desa teh tatjan aja noe panen, sedeng dina kaajaanana samemehna, teu beda djeung sedjen desa.

Kadjadian deui Kg. Dalem meneran di kawadanan, aja oerang desa K. bawahan onderdistrict, noe sakitoe djaoehna geus merloekeun datang ka Kawadanan njoehoenkeun dahar djeung nerangkeun kaajaan di desana noe sadaradjat djeung manehanana, ripoehna pikeun sahoeap-sakopeun.

Teu boeroeng dipariksa, tjek noe mere bedja mah soepaja sidik pisan, ditjoektjroek ti mimiti boedak angon noe ngarioeng di sawah dipariksa, sabaraha kali daharna sapowe.

Ahirna noe djadi Pamarentah djeung kapalana diperingetkeun soepaja oelah taledor ngoeroesna rahajat noe koerang dahareun, sedeng kana panen teh kira-kira sa boelan deui bisa ngamimitian rame.

### Ti Tamboen.

**OESOEM DIBOEAT.**

Noe diarep-arep ajeuna geus mimiti tembong.

Panen di Tamboen geus ngamimitian.

Di ditoe-di dieu geus aja noe di boeat.

Rahajat gede hate, noe kaioeën loba anoe geus katoeloengan. Nendjo pare saliwatan, sawareh eukeur rek koneng, sawareh kakarek oge beuneur hedjo, hate moenggah boengangang, atoh boga rasa ra'jat ajeuna mah moal ka toetoeloejan kaloeënna.

Tapi ana bet ditelek-telek, beu teu koe hanteu, pare loba anoe koe hama.

Hama bodas reudjeung hileud ngaraksoek di ditoe - di dieu.

Patanen loba anoe hoemandeuar. Itoengan anoe roeksak koe hama lamoen dipoekoel rata saroea djeung 10 : 7 djadi 3 bagian mah lapoer henteu kaarah.

Ana patanen roegi, atoeh anoe dibaroeatna oge po'os.

Rahajat tetep dina kasoesahan nepi ka di kampoeng Tjibitoeng aja djalma parena diboeatan. Saenggeusna ditjoeke koe kongsi, teu kanjahoan deui tjoeg-tjeg anoe njarokot, anoe opat - lima gedeng, basana teh ngindjeum.

Anoe boga teu bisa magar koe maha ngan bati olohok bae.

Ngan hadena pikeun manehna geus aja pare anoe dikatepaskeun, lamoen henteu kitoe, meureun njamos.

**KALIROE BESLAG.**

Dina tanggal 5 April anoe anjar kaliwat, ngaran *Rosib* oerang kampoeng Marioek geus datang mangadep ka Griffier di Mr Cornelis, maksoedna njaritakeun jen manehna geus dibeslag, malah dina powe Senen barang-barangna bakal dilelang, lantaran di dakwa geus lila henteu majar padjeg pakarangan, padahal ari anoe boga pakarangan mah anoe sedjen bae.

Koe kamoerahanana eta Griffier, Rosib disina ngadep ka djoeragan Mantri Politie Bekassi pikeun mawa katerangan-katerangan anoe tetela.

Tapi aneh bin adjadib, sanggeusna Rosib datang di kamantrian Bakassi, bet disina balik deui bae, sarta tjenah dina powe Senenna henteu toeloes barang-barangna (saperti imah dj.s.t.) dilelangkeun, ngan ditempoan lilana 21 powe pikeun majaran sewa pakarangan tea sarta koedoe badami bae djeung anoe boga pakarangan tea.

Ka beh dieunakeun aja katerangan, jen sadjabana ti Rosib teh aja deui anoe halna saroepa reudjeung ieu saperti awewe ngaran Saiba djeung Godjali, kabehana oerang Marioek.

Naha moal boa, leuwih rea ti ieu, lampen koe noe wadjib ditaloengtik heula samemeh ngabeslahan!

**MOEHAMMADIJAH GROEP TAMBOEN KOEBRA?**

Saperti kilat disada dina eukeur meudjeuhna panas ereng-erengan, Moehammadijah groep Tamboen kadenge oedjoeg-oedjoeg geus dikoebrakeun.

Sakolana geus ditoetoep, ka mana loempatna eta moerid-moeridna?

Naon anoe djadi sabab tatjan meunang katerangan anoe pasti, ngan tjenah mah bestuur antara bestuurna henteu bisa samenwerking.

Lampen seug teh enja kitoe, ka tjida miloe handjakalna!

Hanas eta aja sawatara bestuursna anoe mintjoelak, atoeh ngajakeun deui bae „bestuurhervorming".

Handjakal!

### Ti Garoet.

**BEZUINIGING DI KALANGAN B.B.**

Dina sawatara taoen katoekang geus mentjar bedja dina soerat-soerat kabar, jen di kalangan B.B. di sa-Java kira-kira 1000 djoeroetoelis baris di-bezuinigd.

Kawasna, eta penghematan anoe sakitoe hebatna teh didjalankeunana, henteu tereh-tereh.

Boektina?

Bezuiniging di kalangan B.B. di Garoet oge, didjalankeunana mah kakara taoen ieu (ngamimitian tanggal 1 Mei 1935) — kitoe oge ngajakeunana bezuiniging ngan oekoer ditoeroen - toeroenkeun pangkatna, oepamana bae 1e Schrijver anoe dinesna ngora keneh ditoeroenkeun kana 2e Schrijver.

Noeroetkeun bedja di Garoet aja 22 schrijvers 1e klas anoe teruggesteld kana kelas doea.

Koe ditoeroenkeun pangkat, gadjihna oge anoe lapoer teh ampir satengahna. Parandene kitoe oentoeng keneh henteu kalaloear oge: tjoba di departement sedjen mah njieun bezuiniging teh, kadjaba ditoeroenkeun pangkatna teh, aja oge anoe samasakali dilalepasan, paling oentoeng diwahel.

**Afd. SPORT**

Baroe trima segala keperloean oentoek BADMINTON.

Roepa-roepa Rackets shuttlecocks Net enz, dari merk jang soedah terkenal baik.

Djoega terima besnaren.
HARGA BERSAINGAN.
Leden Perbi mendapat harga speciaal.

No.62.



Pange an Soemedangweg No. 117
Bandoeng

N.B. Pesenan per Telefoon pada 1727 Bd

**MUTATIE BOSCHWEZEN.**

Soma boschwachter Bandjarwangi kaloear tina kapangkatanana, kalawan kahormatan. Noe ngagantina Memed Rohandaatmadja ti boschdistrict Djember.

J. Soepardi Boschopzichter Tjikadjang dipindahkeun ka Tjililin boschdistrict Midden Preanger. Demi gagantina Rd. Soeboer boscharchitect 1e. klas oge asal ti Tjililin.

### Ti Soemedang.

**KAGELENG MOBIL.**

Saabroelan oerang Talaga powe Salasa noe anjar kaliwat geus ngaliwat ka Sitoeradja rek karoeli matjoel ka Boeahdoea.

Di palebah Tjidasbodas teu sabaraha djaoehna ka Soemedang pasanggrok djeung mobil ti Soemedang, noe saoerang njisina teh meuntas djalan, meudjeuhna pisan papapag djeung mobil noe harita geus katjida deukeutna, teroes kageulang, teu woedoe oge ripoeh, sabab tatoe-tatoe dina sirah djeung dina awakna.

Harita keneh sangeus dioeroes koe politie, toeloej dibawa ka roemah sakit.

**KAKOERANGAN NAMPA GADJIH.**

Goeroe-goeroe desa reg. Soemedang narimana gadjih dina boelan Maart teh henteu samistina tapi dikoerangan pangsaeutikna lima poeloeh sen, sabab narimana maandat toekeurkeuneun teh pangadjina koerang f 147.— tina samistina.

Ieu kakaliroean teh koe noe wadjib harita keneh oge gantjang bae dioeroeskeun.

Tapi noe sakitoe ditoenggoetoenggoena teh nepi ka bedja ieu ditoelis, tatjan katarima keneh bae.

**TEU TOELOES WACHTGELD.**

Djoeragan M. Soekmawinata, I.H.O. vervolgschool Sitoeradja, tatjan lila geus meunang wawaran koedoe gantjang menta wachtgeld ti mimiti tanggal 1 Augustus 1935.

Tapi tanggal 10 boelan ieu geus narima deui soerat jen wachtgeldna teh dibatalkeun (teu toeloes).

Koemaha noe sedjenna?

**NOE PALID.**

Powe Salasa tanggal 9 boelan ieu hidji djelema keur ngarit di sisi Tjipeles palebah Lemboer Kebon (Ganeas), nendjo kopeah ngangkleung palid di Tjipeles, toeloej diboeroe, sanggeus beunang djol deui sapandeurieunana aja tas ditoetoerkeun koe tolombong, teu lila koleab djelema ngangkleung kabawa koe tjai.

Atoeh noe ngarit teh boeroeboeroe ka lemboer bebedja jen aja noe palid di Tjipeles.

Harita keneh kohkol rantong, djelema raboel ka sisi tjai maroeroe noe tjilaka, hadena palidna teh teu sabaraha djaoehna kaboeroe njangsang di moeara Tjisoeda, tapi njawana mah teu katoeloengan.

Nepi ka bedja ieu ditoelis, tatjan aja noe njahoeun saha-sahana, bisa djadi oerang djaoeh noe entas balangsiar atawa rek njamboengan, sabab tolombongna teh dieusi wadjit.

Ari meuntasna bisa djadi di peupeuntasan ka Bantamara, da samemehna aja noe nganjahoankeun moeroe ka lebah dinja.

**TANDINGAN MENTANG.**

Powe Ahad noe anjar kaliwat ka Sitoeradja geus aja noe marag mentang (papanahan), djoeragan Wadana Darmaradja djeung saponggawana.

Koe priboemi ditampa kalawan kagoembiraan.

Poekoel 9 geus proeng ngamimitian, aja 14 oerang noe mileo kana ieu tandingan.

Nja teu woedoe oge matak pikawaaseun nendjo tingsalieurna djamparing di awang-awang mani raboel, katambah dipirig koe kendang pentja, ngeungkeung bendena ngahoedang kagoembiraan ka noe keur tandingan.

Poekoel 2 kakara boebaran.
Kaoenggoelan aja di priboemi.

**NGALIHNA DJOERAGAN SOEJOED.**

Koe ajana bedja rek dialihkeunana djoeragan Soejoed Landbouwconsulent Soemedang ka sedjen tempat, lain deui ngageumpeurkeunana ka sabagian rahajat Soemedang anoe pada ngarasa kana djasa andjeunna noe sakitoe gedena.

Lantaran, keur oerang Soemedang mah moal aja noe bireuk kana katjakepan andjeunna dina ngamadjoekeun hal tatanen.

Moal sakitoe seungitna kamadjoean tatanen di Soemedang oepama teu dipadjoekeun koe andjeunna, „tjek sare'atna mah".

Koe sabab eta minangka pamoelang tarima kana djasa andjeunna, sabagian oerang Soemedang baris njanggakeun rekesan ka noe ti pajoen, soepaja alihan andjeunna teh dibatalkeun, iwal oepama moendoet koe andjeun.

### Ti Djakarta.

**NOE BARALIK TI MEKAH.**

*Dina powe kamari.*

Dina powe kamari ka palaboean Tandjoeng Prioek geus datang kapal anoe narikan djamaah noe kakara baralik ti Mekah. Noe datang powe kamari teh nja eta kapal „Talisse" nja kitoe deui lobana djamaah anoe dibawa aja 1308, ti antarana aja 494 anoe taroeroen di Batawi.

Dina pososorena (kamari keneh) datang deui kapal hadji teh nja eta kapal „Clytoneus" mawa djamaah anoe lobana 1350, ti antarana aja 236 anoe toeroen di Batawi, anoe sedjen-sedjenna biasa bae taroeroen di Pekalongan Semarang djeung Soerabaja atawa aja oge anoe toeroen di Tjirebon.

## Decentralisatie

**Gemeenteraad Bandoeng.**

*Koempoelan peuting mangkoekna.*

Voorzitter mr. J.M. Wesselink; wethouders koemplit; elid aja opat anoe absent.

Punten agenda anoe digarap beunang diseboetkeun pagawean sapopowena; ngesahkeun notulen, ngidinan binnenlandsch reudjeung buitenlandsch verlof. Kabeh langsar bae dibadamikeunana teh, tampolana poetoes koe paloe Voorzitter, nja kitoe deui dina ngonslah ambtenaar kalawan erpol, sanadjan koengsi njorang discussie, teu matak poegag pamak soedan atawa voorstel anoe diasongkeun koe B.&W.

Lebah ngabenoem leden djeung plaatsvervangende leden stembureau's, sanggeusna diberendelkeun dina agenda hidji-hidjina gemeenteraadsleden anoe katarik kana eta badan, koengsi aja anggapan ti hidji lid anoe ngarasa koerang sampoerna, lantaran memeh dibangoen rengrenganana teh, de betrokken raadslid (leden) henteu dibedjaan atawa dibawa badami heula. Tapi koe lantaran B.&W. meunang ngadjalankeun kitoe, sanggeus didjawab koe Voorzitter djeung diajakeun robahan saeutik mah, eta punt teh ditarima bae koe raad.

Raramena lebah ngabarempoegkeun hal kaajaan hateup (beton) pasar-pasar gemeente, wethouder ir. Biezeveld anoe kapapantjenan tina ieu bagian ngan sirik teu pada ngahoeroep, koe leden: Hoetjer, Enoch, Soetoto djeung Rooseno.

Leden madeg dina tangtoengan kasalempangan, inggis nimboelkeun katjilakaan anoe hebat, koe geus roeksakna kaajaan hateup pasar-pasar tea. Aja deui anoe menta soepaja gantjang menta dipariksa di laboratorium, kaajaanana eta beton (beubeunangan Hollandsche Beton Maatschappij), boh noe gorengna (noe roeksakna), nja kitoe deui noe aloesna.

Mimitina toean Biezeveld semoe noe mageuhan kana ngajakeun onderzoek kitoe teh, kalawan make alesan, madeg dina kaajaan doeit. Djadi kadjeun oerang toengtoet bae omean, sangkan oelah gede teuing makan ongkosna.

Sabalikna paham leden anoe ngaanvalna, keukeuh dina tangtoengan kadjeun teuing ngaloearkeun doeit gede tinimbang matak tjilaka djiwa djelema mah.

Djoeragan Enoch di antarana nganaha-naha ka pihak B.&W., magarkeun teh tjatjakan adegan partikoelir mah meureun geus dianggap bouwvallig, djadi panono ban pest, enz. ari ieu doemeh anoe gemeente bet rek diantep bae. Toean Hoetjer leuwih keukeuh ngasongkeun pamentana, lantaran ngingetkeun kana pibalaieunana: djoeragan Soetoto pandjang-lebar ngadadarkeun kakoeatanana beton noe djadi ilahar. djoeragan Rooseno ngagoembirakeun koempoelan, nepi ka njeboetkeun mehmeh ngasongkeun motie van wantrouwen ka maskape beton anoe njieunna eta pasar!

Lila-lila toean Biezeveld njeboetkeun taja halanganana pikeun ngirimkeun tjonto beton soepaja dipariksa di laboratorium. Atjan tamat tjaritana geus ditembrong koe djoeragan Enoch: ti tadi mere nahna mah djoeragan (toean) nja oerkeun kitoe teh!

Lantaran aja boentoetna noe keukeuh boelak-balik kana oeroesan doeit, atoeh teu boeroeng pandjang lalakon pasar teh, oentoeng disapih koe djoeragan Soetoto, anoe maksoedna nja kitoe tea bae mondokkeun tjarita, soepaja mariksa kaajaan beton pasar gemeente koe noe ahli.

Suppletoire agenda dipoetoesna „sambil laloe", iwal punt kadoea, hal noeroenkeun transportvergoedingen ambtenaren gemeente anoe rame dibarempoegkeunana teh, pasal noeroenkeun paroeroegi mobil (bengsin) ponggawa gemeente tea.

Suppletoire agenda kadoea ngan hidji punt-na teh, ngangkat leden Europeesche commissie, nja kitoe deui suppletoire agenda katiloe, da minangka moemoenelna teh soeal netepkeun gadjih secretaris gemeente, make atoeran anjar, ditoeroenkeun kana *f* 750.- Ieu oge beres koe sakeudeung.

Dina rondvraag rea leden noe ngedalkeun roepa-roepa pertanjaan, di antarana djoeragan Oetoen Tisnasapoetra ngaharep soepaja djalan ka makam Astanaanjar di roebakan, lantaran katimbang pohara heureutna; djoeragan Enoch ngaharep soepaja gemeente oelah tjampoer-baoer kana oeroesan melkcentrale, bisi njorang consequentie doeit djeung dina teu parengna bisa meunang panjela ti oemoem, da wong akeh teu njaho di sasaha, ka gemeente bae, malah ka raad neumbleuhkeunana teh, saperti noe kaoeni dina basa Walandana dimoeat dina Sip. kamari. Voorzitter nerangkeun jen moal kitoe, da djenenganana dibawa kana eta oeroesan dagang soteh, henteu sebagi pepentol gemeente, oge boga anggapan kana mangpaatna. Leuwih djaoeh koe djoeragan Enoch nepi ka disabit sabit lebah nandana Voorzitter qua loeloegoe Melkcentrale tea, magarkeun teh oepama „J. M. Wesselink" bae mah taja kabeu ratanana, tapi da eta koengsi diseboet „burgemeester" — atawa teu dihadja bae?

Wangsoel Voorzitter, salawasna nanda teh tjoekoep koe djenenganana bae.

Teu koengsi lila (pk. 10.15) koempoelan boebaran.

## Bandoeng

**(Kota djeung wewengkonna).**

### „TI MADJALENGKA"

Kakaliroean opmaker, da make djoedoel saperti di loehoer koedoena mah dina kolom kahidji pag. II lambaran kahidji Sip. kamari teh.

### NAHDOH DI SOEBANG.

Dina verslag anoe dimoeat dina Sip. n.a.k., sanggeusna spr. H.Toha teh disamboeng koe spr. H. Dachlan, nja kitoe deui ka tengahna, lain „henteu bisa ditjampoeran koe *politie*", tapi koe.......... p o l i t i e k !

### MUTATIE DEPT. V. en W.

Dieureunkeun lantaran menta sorangan, koerang sehat badanna kalawan kahormatan sarta meunang pangsioen, Mas Mohamad Djoewahir, beambte loeareun dienst sarta anoe tadina djadi klerk di Hoofdbestuur di dienst P.T.T. Bandoeng, diitoeng ti mimiti tanggal 31 Januari 1935.

Kaidinan verlof sataoen pikeun ka Europa lantaran dienstna geus lila, toean C.W. Portier, commies di kantoor S.S. diitoeng ti mimiti tanggal 2 September 1935.

Idem sataoen ka Europa, toean J.D.J. Manuputi, hoofdcommies di kantoor S.S. diitoeng ti mimiti tanggal 16 Juli 1935.

Idem sataoen ka Europa, toean W.A. Pieters, hoofdcommies di Dept. V. en W. diitoeng ti mimiti tanggal 17 December 1935.

Idem sapoeloeh boelan lanta-

Idem sapoeloeh boelan ka Europa lantaran dienstna geus dalapan taoen, toean G.T. The, commies-redacteur di hoofdbestuur dienst P.T.T. Bandoeng kalawan make perdjangdjian, jen sabeakna verlof koedoe teroes eureun tina pagaweanana, diitoeng ti mimiti tanggal 1 December 1935.

Dieureunkeun lantaran menta sorangan diitoeng ti mimiti boelan November 1935 kalawan kahormatan, Mevr. C. Vermeeren geb. te Brussel Asse, beambte loeareun dienst anoe tetep sarta anoe tadina djadi telefoniste 1e klas di Batawi.

### LANDRAAD BANDOENG

Dina powe Rebo tanggal 10 April 1935 pangadilan landraad Bandoeng geus mariksa djeung moetoeskeun perkara saperti biasa.

Ngaran A. asal ti Tegal geus maling hidji kareta mesin bogana S. dihoekoem boei 5 boelan.

Ngaran Oe. oerang desa Mangqahang, geus maling roepa-roepa barang pakean bogana I. dihoekoem boei 6 boelan.

Ngaran T. oerang desa Djeung djingrigil, geus maling domba bogana W. harga *f* 2.— dihoekoem 4 boelan.

Ngaran Oe. oerang Sindangbarang, geus ngadjalankeun auto teu ngabogaan rijbewijs, didenda *f* 5.— atawa dihoekoem boei 5 powe.

Ngaran M. oerang Gardoedjati geus ngagelapkeun kareta mesin bogana Tj.T.Ng. dihoekoem boei saboelan.

Ngaran O. oerang desa Sekedjondol geus maling doeit lobana *f* 3.20 bogana Nji E. dihoekoem boei 3 boelan.

Ngaran R. oerang G. Spaarbank, geus didakwa ngajakeun sababaraha pikoel bako di imahna (lain di fabriek) djeung teu meunang idinan, lantaran perkarana koerang terang, dilepas.

### PANIPOEAN KOE DJALAN TELEFOON.

Ka beh dieunakeun, tjeuk K.P. sawatara toko Tionghoa noe aja di Pasar Baroe djeung Soeniaradjaweg, geus narima pesenan barang-barang koe djalan telefoon, ti salasahidji djalma noe atjan wawoeh, sarta noeroetkeun pamentana eta barang pesenan teh tjenah koedoe boeroe-boeroe dikirimkeun ka adres noe diseboetkeun.

Satadina sakoemaha noe didjangdjikeun dina telefoon manehna rek majar contant, tapi sanggeus barangna katarima basana ka looper noe nganteurkeun, isoek bae tjenah balik deui ka dieu, ari doeitna mah.

Tapi nja eta looper leos indit ninggalkeun barang, si noe pesen teh indit deui mawa barang-barang kana toetoempakan ka sedjen tempat.

Poegoeh bae dina noe boga toko nitah njokot deui barangna ka looper tea, sabab henteu contant, tapi lapoer, boh barangna, boh anoe mesenna geus ngiles tina tempatna.

Noe pohara tjaloetakna, manehna teh eta koe ngagoenakeun imah kosong, hajoh akon-akonna ka noe nganteurkeun barang mah, padjah manehna rek pindah ka dinja, ajeuna keur diberesihanpokna.

Koe sabab eta, leuwih hade lamoen oerang tjaringtjing.

### GOEPERNOER WEST-JAVA REK TOURNEE.

Noeroetkeun bedja wd. Goepernoer West-Java toean L.G.A.C. van der Hoek, dina powe Minggoe tanggal 14 boelan ieu bakal aja di Bandoeng sarta baris teroes ka sedjen-sedjen tempat nja eta ka Garoet, Tasikmalaja reudjeung Tjiamis.

Di Bandoeng andjeunna bakal koelem di toean Resident sarta pimoeliheunana deui ka Batawi nja eta powe Rebo tanggal 17 April.

### DIBENOEMD KANA TJAMAT.

Mantri politie Raden Mohamad Basah anoe ngadjalankeun pagaweanana di Hoofdbureau van politie afdeeling Vreemdelingendienst, geus dibenoemd kana Ass. Wedana sarta ditempatkeun di onderdistrict Lembang.

### KAGELENG DELMAN.

Di Kebon djoekoet geus aja kadjadian hidji boedak Walanda ngaran Rudie Denken noe kira-kira oemoerna dalapan taoen kageleng soekoena koe delman nepi ka kapaksa harita keneh dikirimkeun ka roemah sakit.

Pangna aja kadjadian kitoe teh koe lantaran eta boedak noe harita keur ngabontjeng dina kareta mesin batoerna, geus laboeh malah djeung kareta mesinna kageleng.

Harita di hareupeun eta kareta mesin noe ditoempakan koe doeaan aja delman noe geus deukeut pisan, atoeh teu kaboeroe katoeloengan deui, nja kadjadianana nepi ka diadoena pisan.

### KATJILAKAAN VRACHTAUTO.

Sakoemaha biasa lolobana koesir lamoen keur ngadon dahar di waroeng sok naringgalkeun delmanna di sisi-sisi djalan kalawan euweuh noe noenggoean.

Nja ieu pisan anoe geus ngadjadikeun katjilakaan saperti anoe kaseboet di loehoer teh.

Dina hidji peuting geus aja deui delman noe ditinggalkeun di sisi djalan teh, lantaran si koesirna waktoe harita keur aja di waroeng noe teu sakoemaha djaoehna ti dinja.

Teu sabaraha lilana datang vrachtauto ti Lembang ka Bandoengkeun, djigana bae si koeda noe ditinggalkeun koe koesirna tea reuwaseun nendjo lampoe eta mobil, nja teroes kaboer.

Si soepir mengkolkeun mobilna nja eta sangkan oelah keuna kana eta koeda noe keur loempat, tapi mengkolkeunana tarik teuing.

Atoeh eta mobil teh selip sarta nepi ka tibalikna pisan.

Soepir eta mobil (vrachtauto) tea djeung kenekna mareunang katjilakaan, tapi henteu sakoemaha parnana.

Noe boga delman harita keneh teroes ngoedag delmanna noe di bawa kaboer tea, tapi nepi ka ieu bedja ditoelis, tatjan kapanggih, saha anoe bogana eta delman teh.

Ajeuna keur diteangan koe politie.

### LANDGERECHT BANDOENG.

Lobana perkara dina powe Kemis tanggal 11 April 1935 noe diasongkeun ka pangadilan landgerecht Bandoeng kabehna a a 75 perkara.

Anoe geus bisa dipoetoes harita keneh aja 74 perkara djadi anoe kapaksa dipoendoerkeun ka sedjen waktoe, aja hidji perkara deui.

Noe ditibanan hoekoem dengda ti antarana noe pangsaeutikna nja eta *f* 0.25 djeung noe panggedena *f* 10.—

Hoekoeman boei noe ditibankeun ti mimiti saminggoe nepi ka saboelan lantaran maling.

Noe dibebaskeun perkarana lantaran koerang kateranganana aja tiloe perkara djeung anoe teu bisa ditoengtoet koe pangadialn aja doea perkara.

### TJIBANGKONG OGE KABANDJIRAN.

Dina ieu soerat kabar, mindeng nerangkeun jen gang Loena sok kabandjiran, malah ajeuna mah geus mimit; rek diomean.

Ari ajeuna aja deui bae anoe ngarasa toegenah teh, nja eta djelema-djelema di kampoeng Tjibangkong.

Babakoena anoe kadjadian katjida roedjitna oepama aja hoedjan teh, nja eta di kampoeng Tjibangkong blok 116, nepi ka lain koedoe betjek djeung loba anoe ngejembeng bae, tapi oge aambeuan, matak ngaganggoe kana kasehatanana djelema anoe aja di eta pakampoengan. Noe matak kitoe teu aja lian, ngan koe lantaran teu aja soesoekan anoe bisa malidkeun kokotor anoe tarik toer djero.

Ieu kampoeng teh asoep kana wewengkon Gemeente Bandoeng.

Koe sabab kitoe, djelema-djelema di eta kampoeng, katjida ngaharepna kana panaloengtikan Gemeente sarta teroes didjalankeun kaberesan sakoemaha di pakampoengan anoe sedjen. Oelah kampoeng kawas rantja.

### BAGIAN POLITIE.

Geus di-ka-roemahsakitkeun hidji boedak ngaran T.C. oerang Tjitjendo anoe kadoepak koe mobil Batawi No. B.-1766 sarta didjalankeunana koe ngaran S. bin S. oerang Krokot No. 11

Boedak anoe kaseboet tjikeneh teh meunang tatoe dina beungeutna djeung dina leungeunna anoe kentja.

Geus diadoe opelette D.-771 noe didjalankeunana koe ngaran E.C. oerang Tjihapit No. 27A djeung delman anoe dikoesiran koe ngaran I .alias S. oerang Waroeng moentjang (Andir).

Koedana eta delman laboeh, sarta bomna noe potong geus nodjos kana hoeloena eta koeda.

Kalawan pamentana eta koesir si koeda harita keneh geus dipaehan koe Hoofdagent W.E.C. noe ngadjalankeun opelette tea teroes diperkarakeun.

A.L. van der L. oerang Tasmanstraat No. 37 geus kapalingan foto-projectietoestel noe diteundeunna dina tasch koelit warna woengoe pangadji *f* 400.—

Djigana bae si bangsat asoepna teh tina salah-sahidji djandela anoe harita henteu ditoetoep.

Kalawan titahan Hoofddjaksa, geus ditahan djalma-djalma ngaran A. djeung W. anoe disangka mailng radiotoestel pangadji *f* 275.— sarta noe dipalingna ti Bazelweg No. 11 dina tanggal 1 April 1935.

**Paradji 'Mok Roesminah**

*G. Valkenet (Kebon. Kawoeng) No. 237/6A. Bandoeng.*

Sanggem maradjian ka anoe bade babar sareng ngoeroeskeun doegi ka beresna.

Midjet ka sing saha anoe nga raos salira teu raraos (karaos sanis-kanten panjawat). *Nja* kitoe deui njajagikeun *djadjamoe* kaloearan Djawa asli, moestadjab kangge ngalandongan kana panjawat sagala roepi.

Pangaos dietang mirah. Mangga tjobian. 96.

## Sport

**Badminton Bandoeng.**

Dina powe Minggoe tanggal 14 boelan ieu (pageto) di badminton baan „Pendawa" Teloekboejoeng bakal aja pertandingan badminton nja eta antara P.s. „Sehat" ti Bandoeng djeung P.s. „Ready" ti Poerwakarta.

Ieu pertandingan teh geus tangtoe bakal ramena lantaran club anoe kaseboet ti heula, di Bandoeng mah kaitoeng pangkoeatna.

Tapi oge moesoehna lain moesoeh noe beunang dilalaworakeun kakoeatanana.

Koe sabab ajeuna oesoem hoedjan, ieu pertandingan teh bakal diajakeunana dina Minggoe teh isoek-isoek sarta dimimitianana kira-kira poekoel satengah dalapan, nja eta ngadjaga bisa kahoedjanan tea.

— I. WEDARINGSIH —
Vroedvrouw (paradji)
Djalan Bapa Soepi No. 44—16B
Kleine Lengkong — Bandoeng.
1644

## Bedja-bedja

### REGENT BANJOEWANGI TEU DAMANG.

*Ditjandak ka Lawang.*

Ti Soerabaja Aneta mere bedja jen regent Banjoewangi kataradjang teu damang sarta ajeuna geus ditjandak ka Lawang.

### PAGAWEAN NOE PANDJANG LEUNGEUN

Tjeuk Aneta ti Soerabaja, veld politie djeung pamarentah desa di ditoe dina djero saminggoe geus bisa hasil naloengtik 50 perkara paling di bawahan Djati-roto (Modjokerto), tempat noe mindeng pisan kadjadianana roepa-roepa bongkar.

### WAKIL BURGEMEESTER MAKASAR.

Tjeuk saoedjaring bedja, Mr. N.H. Leepel rengrengan gemeenteraad Makasar geus diangkat djadi wakil Burgemeester di eta tempat.

### TOKO „RADJA BATIK" EUREUN HEULA DAGANGNA.

Toko noe kaseboet di loehoer noe ajana di Batawi mah, meh sarerea geus pada njaho, nja kitoe deui oerang Bandoeng dj.s.t. sarta tempatna di Kramat.

Pikeun sawatara waktoe geus ditoetoep tokona, lantaran saperti biasa bae kababoek koe ajana malaise.

Hoetangna eta toko teh kira-kira aja kana opat poeloeh reboe roepia, sarta noe panggedena ka firma Jacobson van den Berg.

Di tokona loba keneh barang-barangna pikeun majaran hoetang anoe kaseboet di loehoer, tapi tatjan bisa ditangtoekeun sabaraha pihargaeunana.

Ajeuna keur didjalankeun babadamian djeung importeurs-importeursna sarta dina djero waktoe anoe moal sakoemaha lilana oge bakal aja katangtoean pikeun diboekana deui eta toko.

Ari noe bogana dina waktoe ieu keur aja di Palembang, nja eta njiar doeit ka baraja-barajana pikeun borg.

### MANGGIH MAJIT DI SOESOEKAN

*Maotna lantaran buikvliesontsteking.*

Tatjan sakoemaha lilana di Semarang geus kapanggih hidji majit orok ngagoler di soesoekan.

Powe Senen noe anjar kaliwat geus kapanggih deui majit di salah sahidji soesoekan, ngan ieu mah lain orok, tapi majitna akiaki.

Dina papariksaan noe geus didjalankeun henteu katangen jen eta djalma teh aja noe mergasa tapi maotna koe lantaran saperti anoe geus kaseboet di loehoer, nja eta „buikvliesontstekking".

*Tingali terasna pag. III.*

## Koran batoer

**Primeur?....**

Minangka reageeren-na kana artikel Sip. mangkoekna anoe dimoeat make djoedoel di loehoer teh, para djoeragan rengrengan redactie *Sinar-Pasoendan* minoehan „Koropak"-na koe toelisan kieu:

*Djr. Mh.K. di Sipatahoenan Langkoeng ti kahartos seratan djrg. teh, da pandjangna oge mani „doea kolom". Bilih kirang „ngemplad" mah, soemangga empladkeun deui.*

*Handjakal, koe djoeragan henteu disebatkeun jen: saban saban pakabaran (artikel) anoe aja dina „Sin.-pas" bae kenging ngoetip tina seratan djoeragan teh! Atoeh da oerang „Sinpas" mah teu aja anoe pertjeka en pertengtang.*

*Soepados ngadjantenkeun kasoegemaan ka salira, kapajoen mah oepami aja pakabaran naon-naon samemehna di moeatkeun koe „Sinpas" teh, roepina kedah dioeningakeun heula ka salira djoeragan, pambrih djoeragan teu ngabendoean.*

*Sareng manawi kapalaj djoeragan mah, oerang „Sinpas" teh oelah nembrakkeun tetendjoan atanapi dedengeanana anoe sapagodos, saoepami henteu disebatkeun kenging noekil ti salira, walhasil paningal sareng pangreungeu publiek Bandoeng sakoemna teh, dimonopolie.*

*Kitoe - kitoe nja soemanggal.........*

*Aeh, hapoenten, moegi oelah kateterasan bendoe, ieu ngawaler teh sanes soeal-adab moeng tiasa dina koloman „koropak" bae.*

Bet salah sangka: ari soegan teh rek bewijzen......... *alibi*-na, atawa pleidooi lamoen ti advocaat tea mah. Toelisan di loehoer, asa mentjog tina djedjer karangan di na ieu soerat kabar *(Sipatahoenan)*. T i l o e roepa f e i t e n anoe.......*ten laste gelegd* (keun da perkara Tarmidi ieuh anoe ngagoegatna ieu toelisan oge, oerang niron-niron basa di pangadilan bae!), teu disabit-sabit — naha?

Ngemplad?

Tjatjakan oekoer narik boekti t i l o e siki, atoeh siga koemaha teuing *ngempladna*, oepama ngagoegat kabeh noe „digelapkeunana".........

Pertjeka en pertengtang?

Sanadjan jakin kana njoengkoenna, 'mo boeroeng ditampi „pamoedji" mah: baeu, keun da roemasa oekoer djadi mahloek loembrah, sarerea oge b o e t o e h koe pamoedji mah, geuning sawareh kadjeun teu pati moeslihat' Keun rek dipake djimat, soegan bae anak-anak baranahan........

Ditembongkeun heula ka simkoering?

Sadajana?

Teu kedah, eta bae anoe kenging ngoendeur tina *Sipatahoenan*, kitoe oge tjekap koe tiloe letler......... „Sip."; teu, teu kedah „dioeningakeun", lebar waktoe, mangkaning kapan mahal pisan tempo saeutik oge dina pagawean koran mah — sanes? Leuheung keneh oepami tiasa via telefoonkantoor!

Paningal, pangreungeu......... dimonopolie?

Teu roemaos, maar wel sakalikalieun, sapertos geval diboeina djoeragan Bakrie sareng dibelana Tarmidi koe mr. Yamin enz. tea. Noe haneut keneh bae, geuning kamari, di Kleine Lengkong aja noe dipaehan, kapan henteu koe *Sipatahoenan* sorangan kapendakna atawa dimoeatkeunana bedjana teh, tapi: *Sipatahoenan, A.I.D. De Koerier*, katoet sawatara koran Batawi. K a m a r i ngamoeatkeunana teh, iwal......... *Sinar-Pasoendan!*

Tariasa bae ka batoer mah njindiran „pertjeka en pertengtang" enz., koemaha lamoen oerang Tjiamisweg (Tasikmalaja) malikeun kitoe?

Atawa djamak *monjet kapalingan djagong?*.........

Mh.K.

## LANTARAN LIMA BOELAN TEU DIBERE GADJIH.

Landrechter di Padang geus ni bankeun hoekoeman dengda ka Directeur dagblad Tionghoa Java Si Po (Java Times) lobana ƒ 10.- lantaran geus nganiaja salah sahidji zetterna.

Noe didakwa harita henteu koengsi datang.

Pangna nepi ka aja kadjadian kitoe teh lantaranana mah kieu:

Gadjihna si zetter tea dina saboelanna teh ƒ 20.— tapi manehna dina djero lima boelan samasa kali henteu nampa eta doeit.

Katambah deuih sadjabana ti henteu nampa gadjih noe lima boelan teh, manehna koe directeurna tea ditetepkeun, jen ka hareup bakal ditoeroenkeun gadjih na, dina saboelan ƒ 10.—

Koe sabab eta zetter tea teu da ek narima kana eta poetoesan, atoeh noe djadi directeurna tea am bek, sarta si zetter teh diontslag, tapi samemehna manehna rek di teunggeul sagala koe padoedan paranti ngamadat.

Harita keneh oge koe noe dise boet pandeuri teroes didakwakeun nja kadjadianana saperti noe geus kaseboet di loehoer, directeurna didengda ƒ 10.—

## VICKY BAUM DI MAKASAR.

Ti Makasar Aneta ngabedjaan, jen Vicky Baum, hidji istri noe ka sohor achli ngarang (journaliste), noe rek datang ka Java djeung Ba li, ajeuna geus nepi ka eta tempat, noempakan kapal Tjisadane.

Eta pangarang teh di dieuna e reh tjitjing di Djokja, pikeun naloengtik kaajaan Boroboedoer ka tter patempatanana.

Sateroesna oepama geus rengse, rek balik deui ka Hollywood geusan kaperloean njieunan film tina boekoe-boekoe karanganana noe sedjenna.

## PETROLEUM MIJ. „GABOES."

*Aja dina karoegian.*

Noeroetkeun kabar Aneta ti Den Haag, saldo karoegian ti Petroleum Mij. Gaboes teh lobana ƒ 39.930.—

## KARETA MESIN DJEPANG

*Indonesia panglobana mesen.*

Di oerang geus teu bireuk deui kana barang-barang Djepang teh nja kitoe deui kareta-kareta mesin Djepang, boeboehan moerah tea, teu boereong dipikaboetoeh.

„Japan Times and Mail" geus ngamoeat hidji pamandangan ti na hal padagangan kareta mesin Djepang, noe di dieu ngahadja di koetip:

Dina panoetoepan taoen 1931 djoemblahna kareta mesin Djepang woengkoel aja 6.000.000.

Dina panoetoepan taoen 1932 eta djoemblah teh geus naek dia di 6.300.000.

Oepama dianggap rata-rata hi dji kareta mesin bisa kapake lima taoen, dina sataoen oge geus bisa ngaloearkeun 1.500.000 kareta mesin. Sarta oepama hargana hidji kareta mesin ditetepkeun kana 20 yen, ing dalem sataoen geus bisa ngabogaan omzet 30 millioen yen.

Eta teh koedoe ditambah deui 8 millioen yen pikeun export, dja di productie taoenan bisa ditaksir koerang leuwih 38.000.000 yen pihargaeunana.

Ieu staat di handap noedoeh keun hidji pamandangan hal ka ajaan kareta mesin Djepang.

| Taoen | Lobana | Nintjak 1 speda |
|---|---|---|
| 1916 | 867.000 | 62. |
| 1920 | 2.051.000 | 27. |
| 1924 | 3.675.000 | 16. |
| 1925 | 4.071.000 | 15. |
| 1926 | 4.371.000 | 14. |
| 1927 | 4.752.000 | 13. |
| 1928 | 5.025.000 | 13. |
| 1929 | 5.318.000 | 12. |
| 1930 | 5.779.000 | 11. |
| 1931 | 6.000.000 | 11. |
| 1932 | 6.356.000 | 10. |

Indonesia kaitoeng noe panglobana dina mesen kareta mesin teh.

Pangharepan pikeun kahareupna, tjeuk eta soerat kabar teh geus beunang diseboet aloes deui, lantaran toemali djeung dilarapkeunana restrictie pikeun import Djepang di Indonesia, Britsch In dia, Malaya, nja kitoe deui koe digedeanana industrie tina hal ieu di Tiongkok.

Dina taoen 1933, sakoemaha anoe bakal kanjahoan tina berende lanana ieu di handap, Indonesia teh geus oenggoel deui bae tina hal pesenan band-band kareta mesin Djepang katoet papaparabota nana.

| Nagara | Band² | Paparabotan noe se djenna |
|---|---|---|
| | (ditoeng yen) | |
| Indonesia | 1.692.000 | 3.364.000 |
| Tiongkok | 842.000 | 1.848.000 |
| Br. India | 615.000 | 2.111.000 |
| Straits Settl | 648.000 | 1.965.000 |
| Prov.Kwantung | 230.000 | 632.000 |
| Afrika | 200.000 | 616.000 |
| Nagara² lian | 260.000 | 1.578.000 |
| Djoemblah | 4.307.000 | 12.114.000 |
| Taoen 1931 | 1.901.000 | 3.297.000 |
| Taoen 1932 | 2.248.000 | 6.028.000 |

## KAPOEK DI VOLKSRAAD

Ka Volksraad geus dipadjoekeun Kapokbelangen ordonnantie (oendang-oendang kapentingan kapoek), noe maksoedna erek ngamadjoekeun export, ngaha dean harga djeung ngatoer export noe saberes-beresna, ngahadean organisatie dagang, ngahadean product kapoek djeung narekahan sangkan nambahan productenten djeung fabrikanten noe baris mareulian kapoek.

Kana eta ordonnantie geus dilampirkeun Memorie van Toelichting noe pandjang lebar.

Nja kitoe deui dina eta memorie van Toelichting teh aja pamandangan hal pelak kapoek.

Ditetelakeun jen sabadana peperangan harga kapoek teh pohara morosotna, padahal oepama ngingetkeun kana kaajaan kapoek di Indonesia, kawasna henteu saeutik productiena.

Geus kanjahoan, jen euweuh hidji tempat lapang panggdjoealan di nagara-nagara loear noe saka dar ngabogaan stocks kapoek ge de.

Koe kalemahanana noe djadi producent geus nimboelkeun kalonggaran pikeun didjalankeun baissepolitiek noe teroes-teroesan.

Koe sabab eta perloe pisan ditarekahan, sangkan bisa dibangoen organisatie antara padagang-padagang kapoek.

Eta rantjangan ordonnantie teh geus netepkeun hal idinan export tapi export kapoek henteu saante rona diwatesanan ngan rek dibagi-bagi make atoeran anoe angger.

Expansie ti kaoem baissiers koe djalan kitoe, bakal bisa katjegah sedeng stabilisatie harga tangtoe bakal aja mendingna.

Babakoena pamarentah baris mentingkeun kana kaperloeanana producent bangsa Priboemi reudjeung producenten noe laleutik noe geus ditoendjang koe landbouwconsulent djeung bestuur Priboemi.

Satemoesna bakal diadegkeun Kapok Centrale pikeun wakil-wakil ti producenten djeung exporteurs, sedeng ambtenaren ti Departement Economische Zaken ba ris djadi voorzitter djeung secretarisna ti eta badan.

Taoen licentie noe mimiti baris didjalankeun ti 1 Juli 1935 nepi ka 30 Juni 1936.

Demi diajakeunana Kapok Centrale tea, engke dimana rantjangan ordonnantie geus ditarima bener-bener.

## ANGKATAN BURGEMEESTER ANJAR.

*Kakara bisa diajakeun lamoen G.G.geus moelih tina perdjalananana.*

Noeroetkeun bedja, angkatan burgemeester anjar di Semarang nja eta pikeun gantina toean A. Bagchus, kakara bisa didjalankeun oepama G.G. geus moelih ti na perdjalananana.

## DJADI KORBAN PAGAWEANANA.

*Lantaran katinggang karoeng noe dieusi barang beurat.*

Dina powe Minggoe noe anjar kaliwat di palaboean Semarang hidji koeli anoe keur ngamoeatkeun barang kana kapal geus katinggang koe karoeng noe dieusi barang-barang beurat.

Noe tjilaka harita keneh teroes dibawa ka roemah sakit tapi teu sakoemaha lilana sanggeusna da tang ka dinja eta djalma teh teroes maot.

## TILOE TJOPET AWEWE KATANGKEP.

*Ngabogaan komplot sarta ngabogaan mobil sorangan.*

Tatjan sakoemaha lilana polisie di Semarang geus bisa nangkep tiloe tjopet awewe tapi mobil na anoe harita ditaroempakan koe eta tiloe awewe teh teroes maboer.

Sihoreng eta awewe teh tiloenana mariloe kana komplot pendjahat-pendjahat anoe ngadjalankeun kadjahatanana lain bae di hidji tempat tapi di sa-Djawa tengah.

Eta tjopet-tjopet awewe teh barogа mobil sagala roepa anoe memang disadiakeun woengkoel eukeur ngadjalankeun kalakoean anoe geus kaseboet djeung deui ka beh di antarana eusi woengkoel doe dig rawe, djadi noe djiga pisan kahiroepanana teh woengkoel tina beunangan njopet.

Ajeuna koe politie keur didjalankeun papariksaan ka sedjen-sedjen tempat, bisi aja komplotana na deui.

# Indonesia

## BEDJA OFFICIEEL.

Noeroetkeun bisloeit tanggal 8 April 1935 ti Civiel Departement geus dibenoemd kana:

Lid Gemeteraad Pematangsiantar, toean A.J. Klaver, kapala sakola Simeloengoen di tempat anoe geus kaseboet di loehoer.

Lid Plaatselijken Raad bagian cultuur di Oostkust van Sumatra toean F.L. Fabber, wd. agent N. V. Handelsvereeniging „Amsterdan" di Medan.

Kaidinan make titel „Raden". Mas Kartawinata oerang Soreang (West-Java) djadi ka hareup mah meunang noelis djeung njeboet: Raden Kartawinata.

Noeroetkeun bisloeit Goepernemen geus ditjaboet:

a. bisloeit noe tanggal 2 Januari 1883 No. 17 (Bijblad Staatsblad No. 3959), dimana geus di tangtoekeun jen dina naekeun kapangkatan goeroe-goeroe kl. 3, kl. 2, hulponderwijzeressen djeung onderwijzeres kl. 2 noe arajana di openbaar lager onderwijs pi keun bangsa Walanda atawa sasaroeanana, gadjihna mah naekna teh dimimitian dina boelan saeng geusna bisloeit diajakeun djeung lamoen si noe ditaekeun tea dina djero boelan noe kaseboet pandeuri geus disoempah baris noeroet kana sakoemaha koedoena.

b. bisloeit noe tanggal 30 November 1914 No. 39 (Bijblad Staatsblad No. 8148) dimana geus ditangtoekeun, jen naekeun moerid-moerid sakola goeroe. hulponderwijzers djeung goeroegoeroe noe ajana di openbare la ger onerwijs, gadjihna naekna teh dimimitianana mah dina boe lan saenggeusna bisloeit officieel katampa koe noe baroga hak.

## NONA WALANDA TIKOEN TJLOENG.

*Atjan poegoeb oerang mana-manana*

Noeroetkeun bedja Aneta ti Malang, kamari di pamandian Sengkaling geus aja kadjadian katjilakaan anoe matak pikaroe njaeun pisan, nja eta ti pamandi an anoe kaseboet di loehoer geus manggihan hidji nona Walanda oemoer 20 taoen geus maot.

Roepana bae keur waktoe man di teroes tilelep.

Oerang mana-manana masih keneh atjan bisa dikanjahokeun, malah masih keneh make papakean mandi.

Karoenja.

## PERKARANA A. MENTZ

*Dihoekoem 4 taoen.*

Sakoemaha anoe geus diterang keun dina ieu soerat kabar, jen di fa. Jacobson van den Berg Semarang geus aja kadjadian ka koesoetan doeit anoe dilantarankeun koe hidji procuratiehouder toean A.Mentz.

Djoemblah doeit anoe diroek sak koe ieu djelema teh lain saeutik malah moen teu salah aja doea ratoes reboena.

Kamari, noeroetkeun bedja Aneta, ieu sakitan teh geus didjag ragkeun ka hareupeun pangadilan sarta kapoetoesanana Raad van Justitie, ditibanan hoekoem boei 4 taoen dipotong koe wak toe salilana aja dina tahanan.

## REK DIAJAKEUN MANTRI TJATJAR AWEWE.

*Koe lantaran loba awewe anoe aremboengeun di soen tik koe lalaki.*

Noeroetkeun bedja dina boelan Januari noe anjar kaliwat koe Regentschap Koedoes geus dipenta ka D.V.G. soepaja di eta tempat diajakeun mantri tjatjar awewe ngantet djeung pamentana oe rang dinja.

Roepana bae koe lantaran di eta tempat mah loba keneh djalma anoe koeno, djadi awewe teh henteu meunang padeukeut reudjeung lalaki.

## DJOERAGAN BROTOKESOWO DITANGKEP.

*Djeung Djrg. Ismangoenwinoto.*

Njamboeng kana bedja anoe geus diterangkeun dina ieu soerat kabar, jen Djrg. Brotokesowo, hoofdredacteur Oetoesan Indonesia geus ditangkep, noeroetkeun parentahna Procureur Generaal.

Tapi koe lantaran andjeunna keur teu damang, malah keur titirah di polikliniekna Doktor Yap, djadi henteu teroes dikaboeikeun harita, ngan saoekoer dipindahkeun ka polikliniek P.K.O. ngan make perdjagaan politie.

Ajeuna, meunang deui katerangan, jen ieu Djoeragan teh ajeuna mah geus diasoepkeun kana tahanan boei, nja kitoe deui anoe djadi panoelisna djoeragan Ismangoenwinoto di Djakarta oge geus dikirimkeun ka Djokja sarta diasoepkeun kana tahanan boei.

Noeroetkeun katerangan anoe djadi dakwaan ka djoeragan Brotokesowo teh aja 6 delicten. Iraha baris dipariksana koe pangadilan atjan bisa ditetepkeun.

## ROMBONGAN PENDJAHAT DITANGKEP.

*Ngabogaan perkara 29 roepa.*

Noeroetkeun bedja Aneta ti Malang, ajeuna di kampoeng Soemberpoetjoeng, geus ditangkep sawatara djelema pendjahat anoe geus ngadjalankeun kalakoe anana di wewengkon Blitar reudjeung Madioen anoe lain saeutik matak ngadjadikeunana karoegian ka balarea.

Noeroetkeun deui katerangan, bakal didjagragkeun ka hareupeun pangadilanana teh koe lantaran ngabogaan dosa 29 kadjahatan.

## PERDJALANAN G.G. DI DJAWA WETAN.

*Hormatan publiek la in saeutik.*

Noeroetkeun bedja Aneta ti Soerabaja, dina perdjalanan G.G. ka Loemadjang djeung Djember, koe djelema - djelema anoe aja di eta wewengkon, nja kitoe deui koe anoe djadi ambtenaren di eta tempat geus diajakeun hormatan anoe lain loemajan.

Djelema-djelema pada katembong kagoembiraanana. Aja saba baraha reboe djelema anoe tjaritjing megat di sisi djalan.

Malah sadjaba ti kitoe teh, di pasanganbandera anoe katjida pisan rempegna. Koe tina kekep na anoe masang bandera, nepi ka ampir keuna kana kapna mo bil anoe ditoenggangan koe G.G

Roepa-roepa hormatan anoe sedjenna, babakoena ti kalangan baroedak sakola geus teu kodoe diterangkeun deui.

## MAOT KAGELENG KARETA API.

*Kadjadian di Kandangan Soerabaja.*

Noeroetkeun bedja S.T.P. mangkoekna di Kandangan geus aja kadjadian katjilakaan anoe tji laka pikasediheun pisan nja eta hidji djalma (Indonesier) anoe roepana bae kakara bae ti sawah geus kageleng kareta api anoe inditna pangpandeurina ti station Karangtoeri.

Koe lantaran tatoe-taroena ka tjida pajahna, harita keneh teroes maot.

DRUKKERIJ
**TJAHJAPASOENDAN**
Pekiringan 88 - Pasarbalong CHERIBON
Selamanja mengeloearkan Drukwerken jang setjara modern, dan harganjapoen moerah.
**Lekas membikin pertjobaan**

# Telegram

### ENGELAND.

**Conferentie di Stresa**

*MacDonald djeung Simon mariang.*

Londen, 10 Apr. (Aneta-Reuter). MacDonald djeung Simon poekoel 13.40 geus arindit kana Imperial Airways ka Parijs noe sa teroesna rek ka Stresa.

Leden noe sedjenna ti delegatie Inggris nja kitoe deui gezant Italie Grandi arinditna tadi isoek ti Victoriastation kana boottrein.

### ITALIE.

**Italie — Abessinië**

*Ngirimkeun deui balad.*

Rome, 10 Apr. (Aneta-Reuter) Koerang leuwih 26.000 soldadoe djeung aleutan ti divisie-Gavignana geus mariang kana doea kapal transport ka Afrika-Wetan.

**Timboel kariboetan deui**

Rome, 10 Apr. (Aneta-Havas) Noeroetkeun bedja ti Asmara, geus der deui bae timboel kariboe tan antara Italie — Abessinie teh

Taradjangan - taradjangan ka karavanen ti Eryhtrea ka beh dieunakeun beuki mindeng bae kadjadianana. Loba pisan noe mara ot djeung taratoe antara Sekit reu djeung Gondar.

Roepana bae oeroesan Italie — Abessinië teh baris djadi boeah tjarita dina pasamoan di Stresa oge.

### DUITSCHLAND.

**Göring kawin**

*Diwiloedjengkeun koe escadrille-Richthofen.*

Berlijn, 10 Apr. (Aneta-Reuter). Kawinna Göring ka Emmy Sonnemann geus dilaksanakeun.

Hitler djeung minister Kerll koengsi njaraksian Escadrille-Richthofen kakalajangan di awang-awang bari mere tanda nga wiloedjengkeun ka panganten.

(Bedjana Göring teh kaasoep kana salah-sahidji djoeroe ngapoeng noe pertjeka ti eta escadril le noe kasohor teh, noe koengsi tandang dina perang doenja).

# Telegr. pandeuri

### ITALIE

**Conferentie di Stresa.**

*Anggapan pers.*

Stresa, 11 Apr. (Aneta-Reuter). Soerat kabar „Polopo d' Italia" geus ngawawarkeun ka Duce dina hoofdartikelna noe make djoedoel „Ons plan", tjenah, oelah rek optimistisch teuing, tapi djeung ditetelakeun pisan, deui, jen di Stresa teh moal oedjoeg-oedjoeg timboel kasalempangan kana peperangan mah ngan sabalikna deui Stresa teh moal bisa meunang katangtoean kana timboelna kaakoeran.

Ari sababna tjenah, babakoena tjapan-tjapan teh koemantoeng ka hidji nagara, anoe harita kapan euweuh di Stresa.

Eta soerat kabar ngadjam, bisa djadi, padjahkeun teh kahareup bakal diajakeun deui konferentie, noe baris dipiloean koe Djerman, Rusland, Polen, noe ajeuna areuweuh, sarta moal boa, ieu oeroesan teh matak ngireehan kana conferentie.

Demi noe djadi niatan Italie, ba bakoena disarandekeun kana ieu: „satoengtoeng kaajaan awang-awang masih keneh mendoeng, Italie baris ngeprak baladna noe 600.000 sirah sina tjaringtjing pa geuh kantjing, toer saged sapakarangna sarta pakarang noe pangmodel-modelna.

Nja kitoe deui perloe pisan eu keur nangtajoengan kaamananana kakoeatan awang-awang teh digantjangkeun sina boeroe-boeroe anggeus.

Noeroetkeun katerangan - katerangan noe katampa ka beh dieu nakeun, Italie perloe ngajakeun roepa-roepa atoeran.

# Panganggoeran

**Mestakeun....?**

Balandongan di hareupeun kantor *Sipatahoenan* geus keur dihateupan. Salegana, atawa sapandiangna pakarangan katoetoep koe ieu adegan. Oenggal powe Entjep ngalanglang ka lebah dinja, robah-robah bae tetendjoan teh, robah koe madjoena anoe digarawe, ngahaeutkeun balandongan tea.

Katoekang koe Entjep koengsi didongengkeun, jen aja noe kelemang-kelemoeng oear-oear magar *Sipatahoenan* rek kagoengan hadjat......... njoenatan Entjep.

Loear tanggoengan redactie, koe Entjep dibantah bedja seboel kitoe teh.

Nja atoeh, 'moen ngindjeum term *Aneta Reuter* atawa *Transocean* mah, papaksa bedja selentingan teh, meureun noe sok diseboet........ *wilde* - djeung *hardnckkige geruchten* tea, noe sok di bantah koe diplomaten.

Kapaksa kadoea kalina ajeuna Entjep koedoe........ *tegenspreken* eta bedja selentingan tea, anoe keukeuh njeboetkeun magar rek mestakeun......... Entjep. Istoening kawas noe ngahareureulan: ganti hentu njeboetkeun rek njoenatan Entjep ajeuna mah, ta pi tjenah rek........ nikahkeun Entjep!

Ah, terlaloe: kaliwatan eta mah heureuj teh. Da tjatjakan koe Entjep kapanggih djelemana, moal moal reu dikeloehan, dikerong kawas........ kebo! Handjakal oekoer geruchten tea, djadi teu bisa ditjekel deleg atawa ditewak mangkeloekna.

Harianeun nja, abong-abong ka........ Entjep!

Sakali deui: **B o h o n g** eta be dja teh, adegan atawa balandongan mah keur Congres Pasoendan, engke ti tanggal 18 nepi ka likoeran.

Congres, Congres, moal enja aja ngawinkeun boelan Moeharam onaman, ongkoh sasarina oge moe roe Rajagoeng noe „nadran" ka bale njoengtjoeng mah — aeh la in „nadran", moendjoeng.........

Barina oge, noe oear-oearna bae eta mah teu njahoeun ka djirim Entjep, naha saha kitoe Entjep teh?

Entjep kawin? -

Heueueujji deuh......... kawin!

Ongkoh Entjep mah boedjang .........rimbitan.........

*Entjep.*

**Handwerktentoonstelling**

Handwerktentoonstelling anoe baris diajakeun koe Pasoendan Istri djero Congres-na noe bakal datang teh, diboekana nja eta tanggal 19 April 1935, poekoel genep sore, sakalian djeung nga bagikeun prijs.

Isoekna, 20 April 1935, poekoel 10 nepi ka poekoel satoe diboeka deui tentoonstelling teh.

Centraal Comite Congres Pasoendan.
*De Secretaris*

Eta artikel teh katjida nimboelkeun perhatianana di kalangan diplomaat mah, sabab koe djalan kitoe katembong, jen Italie teh ngandoeng maksoed hajang digawe babarengan djeung Djerman, sarta sama-sakali djaja keunana babadamian ti Stresa tea, lain rek ngabogaankeun beungkeutan contra Djerman.

Stresa, 11 Apr. (Aneta Reuter). Pasamoan di Stresa dina pasosorena lilana doea satengah djam.

Noeroetkeun anggapan kalangan politiek Italie, conferentie teh pohara njorangna kasaloejoean, sarta bisa djadi dina powe Saptoena baris diteroeskeun sapo we djepoet, sarta koe djalan kitoe tetela babadamian teh mere toton den jen baris njorang kasampoernaan.



# Staande Salonklokken

DITANGGEL:
Sapertos ieu gambar
Ageung sorana
Akoer djalanna
Mirah pangaosna.

Gongslag pangaos f 65.
Westminster Carillon pangaos f 85.-

Oepami palaj sanes roepi (sanes model) tiasa oge dipesen.

# Hangklokken

Bimbam-slag pangaos f 21.-
Junghans-Wekker ngawitan pangaos f 2.75

Sadajana ditanggel nganggo serat GARANTIE. 1659

N.B. Oelah lali! Oepami bade baranggaleuh goenting ieu Advertentie, tangtos diwoewoehan nganggo PERSENAN

Hormatna Toko Mas Inten N.V. Handel Maatschappy
DE CONCURRENT Juweliers
Bragaweg No. 41 Telefoon 667 — Bandoeng

---

MOENG HIDJI - HIDJINA

Apotheek di Bandoeng anoe ngagadoehan Ass. Apotheker bangsa **Priboemi**.
Dina ngalajanan ka tatamoe ditanggel njoegemakeun. Nja kitoe deui dina pangaosna, para Djoeragan Istri sareng pameget tiasa ngaboektikeun koe andjeun, diantos soemping ka sadajana publiek kalajan ditampi koe kabingahan. No. 6571
— Kairing koe kahormatan —

N.V. SOENIARADJA APOTHEEK
Pasar Baroe 106A — Bandoeng — Telef. 115 (Pengkolan Kompa)

---



SAKIT KEPALA
SAKIT GIGI

dan laen² penjakit dan ganggoean zenuw, seperti sakit koeping, catarrh di peroet, tida bisa tidoer, enz. dalem sakedjepan sadja dan dengen mandjoer disemboehkken oleh

# OBAT SAKIT KEPALA TJAP MATJAN

jang belon perna gagal. Bisa terdapet di semoea roemah obat.
ENG AUN TONG, Molenvliet W. 174, Tel. Bat. 1090

---

PERDJANDJIAN

**PERDJANDJIAN DIATAS KWITANTIE PAKE ZEGEL.**

Kalau tida bisa baek, wang bisa kombali. Zonder operatie.
Sakit Bawasir (ambe.) Lay Gwa Tie Tjheng).

Penjakit entjok (Rheumathiek Penjakit medjen (Dysentherie) perempoean keloear darah kepoetian (Pektay). Sakit perempoean "Radjasinga" Kentjing nanah atawa darah (Gonoria) Sakit napas (Asthma) Batoek basah dan kerin . Setengah badan mati (Verlamming). Kentjing manis dan Batoe. Sakit mata segala matjem. Koerang koewat laki-laki (Ampotency) Beri-beri. Perempoean dateng boelan tida tjotjok. perempoean tisa bisa boenting. bisa mengobatin sampe boenting.
Penjakit Zenuwen. dan bisa mengobatin lain-lain penjakit dalam dan loewar.

Djam bitjara: 8—1 pagi, 4—9 sore
Noorde West India
**TABIB MERZA**
Regentsweg No 19 Bandoeng

Djoega boleh panggil dateng didalem dan diloear kota

Minjak Express, jaitoe Minjak Tangkoer, terbikin dari minjak boeaja, boeat orang jang plesir koerang koewat (Tooyang), boleh pake saban hari, ditanggoeng keras nja loear biasa 10 Gram f 1— 117

---

KOSTHUIS

voor studeerende jongelui event. ook voor werkenden Gunstig gelegen, rustige omgeving, zeer billijk tarief. Brieven met letter „K."

---

# Dokter SOENARIO SARWONO

REGENTSWEG 15 — TELF. 996 — BANDOENG

Sanggem ngalandongan sanes-kanten panjawat, maradiian sareng ngoeroes noe babar, njepitan moerangkalih.

Waktosna nampi tamoe: 7 — 9 endjing², 4.30 — 6 sonten

Dinten Minggoe sareng dinten noe di moeljakeun noemoetkeun perdjangdjian. Kenging disaoer wajah koemaha bae ka boemi.

---




---

DOKTER

# H. Heerdjan

21 April 1935

Ti Simpangan Tjitjendo Kebon Kawoeng Telefoon 780

PINDAH ka NARIPAN No. 35

Saban dinten nampi noe bade lalandong
Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9. sareng
Siang „ „ 9 „ „ „ 6.

---

# ABONNE'S DI TJITJALENGKA

Ngawitan ti dinten ieu „SIPATAHOENAN" kangge di Tjitjalengka henteu dibagikeun koe looper, namoeng didjalankeun deui koe perantawisan Post, nja kitoe deui dina artos langganan scepados dikintoenkeun rechtstreeks ka Administratie di Bandoeng.

Adm. Sip.

---

AGENT-AGENT „SIPATAHOENAN".

Publiciteitskantoor „DE GLOBE". N.Z.Kolk 19 AMSTERDAM.
Secretariaat N.V.V.,Amstel 244 AMSTERDAM.
„PERS-BERICHTEN", 2e.Jan v/d Heydenstr. 107B. AMSTERDAM.
Secretariaat „KAOEM MOEDA INDONESIA", Tasmanstraat 56. DEN HAAG.
Best.Perhimpoenan „INDONESIA RAYA", Sharia Amir Farouk D. CAIRO.
AHMAD, Joo-Chat Road 180 SINGAPORE
NEGRI, Boenian PAJAKOMBO.
Publiciteitskantoor „DE GLOBE", Rijswijk 7b. BATAVIA-C.
R.A.KARNA, Petodjo G. Entjlek VII No. 226 BATAVIA-C.
OEMAR ALI p/a DATOE' di
NITI SOEMANTRI, Spoorlaan SOEKABOEMI.
Best. „Pasoendan" tjabang TJIMAHI.
H.A. MASDOEKI, Djadjawaj weg TASIKMALAJA.
MOH. ALKORI, Pakaoemanweg TJIAMIS.

---

«TOKO SAN»

Selamanja ada sedia tjoekoep *MODE ARTIKELEN.*

Dan bahan boeat pakean Njonja-Njonja , Toean-toean Model paling baroe.

**Toko SAN**

*DAMES MODES MANUFACTUREN.*

Pasar Baroe 39 Tel.540
19 *Bandoeng.*

---

DRUKKERIJ & BOEKBINDERIJ

# Tjahja-Pasoendan

BANDOENG — CHERIBON
Gr. Postweg 123 Pekiringan 28

Adalah soeatoe DRUKKERIJ kepoenjaannja bangsa Boemipoetra dengan pegang systeem paling baroe, jang pekerdjaannja serba netjis, rapih dan tentoe mendjadi soeatoe tanggoengan kepoeasan bagai pemesen.

Motto:
LEBIH MAHAL PEKERDJAANNJA, TETAPI MOERAH HARGANJA.

TJOBALAH BERLANGGANAN!!!

---

# Raos




Moal lepat deui ageung goenana, oepami salamna poetra djoeragan noe masih keneh alit, didjagi koe Purol. Koelit noe malegar beureum sareng bararen toes teh sakedap pisan tiasa sae, oepami dilandongan koe Purol.

Oge dina njeborna moerangkalih oelah koe sambarangan saboen, anggo salamina saboen Purol, margi teu aja noe langkoeng sae djabi ti eta.

Djagi koelitna soepados garing, koe Wedak pirol, poetra djoeragan tangtos ngaraos seger toer sehat.

Pangaos Purol sakalengna aja noe 40 sen sareng aja noe 75 sen, dina tube f 1.—; Wedak Purol satjepoekna aja noe 90 sen, sareng aja noe f 1.50; Saboen Purol saboengkoesna 90 sen. Tiasa kenging di saban toko sareng di roemah-roemah obat. 43

---

NGANOEHOENKEUN

sareng
*Moedji ka Djoerangan I. WEDARINGSIH*

Vroedvrouw, djalan Bapa Soepi No. 44/16b. Bandoeng, kana pangoeroes andjeunna noe teu kinten saena, nalika poen bodjo nga lahirkeun poen anak awewe.
Baji katoet biangna salamet teu kirang sawios-wios.

Hoermatna
*DJENAL KERTADIWIDJAJA*
Mantri Goeroe sakola klas II No. 2 Lengkong (Bandoeng).
No. 113.

---

Telef. Adm. 1520

„SIPATAHOENAN"

# Enja bangsa oerang teh teu tjeehan?

Geus djadi toetoer, djadi tjatoer, djadi pisan katjapangan, asa genah, asa merenah, lamoen njeboetkeun bangsa oerang teu tjeehan teh.

Eta ketjap anoe geus netepkeun, jen bangsa oerang teu tjeehan tea, lamoen dipikir saliwat mah, siga pisan omong bebendjon tjarita anoe mokaha, teu aja matakna, teu aja mamalana. Tapi lamoen koe oerang dipikir anoe lantip, dilenjepan make dadasar kabangsaan sarta inget ka na djaman kamadjoean, eta ketjap teh, rea pisan matakna sarta gede mamalana, nja eta:

1. Ngahinakeun kana kabangsaan.
2. Djadi panghalang kana sagala roepa pakarepan.
3. Ngaleungitkeun kana kapertjajaan, boh ti deungeun-deungeun, boh ti bangsa sorangan.
4. Matak nimboelkeun djeung noeroenkeun kangedoelan, anoe bakal teroes toeroen-toemoeroen ka anak-intjoe.
5. Matak moetoeskeun pangharepan, kana hajang ngoedag ka madjoean.
6. Matak tetep dina kabodoan sarta teroes djadi kamoendoeran.
7. Gede pisan bahajana ka bangsana djeung lemah tjaina.

Jaktos bangsa oerang teh teu tjeehan.........?

Tapi engke heula, oerang teh oelah waka djoldjol nampik atawa djodjol moengkir keras bae.

Nja kitoe deui sabalikna, oelah djodjol roemasa, djoldjol toemarma bae. Oerang tjoektjroek heula galoerna, sidikkeun boektina, masing njata, sing tetela, da meureun aja tapakna, aja boektina noe ajeuna beunang ditoedoehkeun, diebrehkeun ka sarerea. Toeloej oerang bandingkeun reu djeung tapak tapak kaajaan beunang deungeun-deungeun sarta kalakoeanana deungeun-deungeun, anoe geus kanjahoan koe oerang.

Ajeuna anoe diheulakeun, oerang ngaboektikeun kalakoean bangsa lian anoe geus kapanggih koe oerang, di dieu di tanah oerang.

1. Oerang geus remen pisan manggihan, bangsa asing anoe maroeka toko di pasisian, anoe boekana teh ngan saoekoer saboelan atawa doea boelan, ari katiloe, geus toetoep deui.
2. Geus lain hidji doea bangsa asing anoe ngaradegkeun pabrik atawa moeka panggilingan, anoe ngan oekoer saoesoem, doea oesoem, geus eureun deui.
3. Autobus Satoh, tjap bintang, anoe ngamodalna poeloehan reboe, geuning ajeuna geus teu aja di kieuna.
4. Toko-toko Europa, sababaraha hidji anoe ajeuna geus tinggal ngaranna woengkoel.
5. Malah ajeuna aja hidji kampoeng, anoe teu sabaraha gedena; doeka saha anoe djadi pamingpinna di eta kampoeng teh Ngan rada aneh, oepama ka eta kampoeng tea, aja bangsa asing anoe daragang, sanadjan sakoemaha ngoepah-ngapehna, sakoemaha loemah-lamehna ge, harga na dibere moerah, rek ngandjoek heg, rek kontan heg. Tapi oerang dinja mah, weleh, parageuh, teu daraekeun bae, sok soemawonna moen kontan, ngandjoek ge teu daraekeun. Malah oepama di eta lemboer aja djelema anoe gering, saperti: njeri panon, rodek atawa moeriang, eta bangsa asing teh, sok ngirim tambana. Toeloej dibikeun kanoe gering teh, mere lain ngadjoeal. Ari tambana mah ditarampa, tapi minangka panarimana teh ngan oekoer njoegoehan bae.

Koe lantaran kitoe, djadi les, bae tara aja deui noe sok daratang, soemawonna anoe matoeh mah teu aja. Djadi di salemboer eta mah tetep nepi ka ajeuna, waroeng-waroeng teh kabeh anoe oerang dinjana, anoe baroetoeh koe doeit, silih indjeuman djeung pada batoerna bae.

6. Di oerang geus loba bangsa asing anoe dialadjar, nabeuh, tembang, ngigel djeung mentja tapi ngan sabaraha peresen anoe narepi ka tjoetjoedna.
7. Geus loba baroedak asing, anoe sarakola di dieu di tanah oerang, geuning teu koerang-koerang anoe teu narepi ka tamatna sarakolana teh. Komo meureun di nagarana mah.

Eta sadajana katerangan-katerangan anoe parantos diterangkeun di loehoer, ti 1 doegi ka 7 teh, koe oerang tangtos kahartos, geuning bangsa oerang asing ge teu tjeehan kabeh...... teu tjeehan dina sagala roepa...... teu tjeehan dina sagala gawe......

Ajeuna kari ngaboektikeun ka lakoean bangsa oerang, anoe sok disareboet teu tjeehan tea, geura tingali boektina:

1. Anoe njalantri ti boeboedak nepi ka kolot, malah loba noe nepi ka djadi Kiaina, nepi ka akiaki, nepi ka maotna pisan, teroes teu eureun-eureun njantrina.
2. Anoe sarakola ti awit oemoer 6 atawa 7taoen, teroes sakolana, nepi ka ajeuna loba anoe djaradi Doktor, meester, insinjoer, opzichter, djeung sababaraha roepa golongan goeroe-goeroe.
3. Anoe ngamagang lilana nepi ka 7 atawa 8 taoen, teu nampa gadjih sapeser sasatna, ngan oekoer diperesen, geuning nepi ka aja anoe djadi Patih, djadi Wadana, digarawena nepi ka meh aja 40 taoen lilana.
4. Anoe djaradi pamarentah desa, aja anoe ti boedjang keneh nepi ka oemoerna 70 atawa 80 taoen, teroes digawena.
5. Anoe tjarekel gawe, anoe djareneng, geuning geus pirang-pirang anoe mareunang gandjaran, tina katemenanana djeung kawekelanana, saperti:

a. Anoe mareunang gandjaran roepi-roepi bintang, tina paroenggoe, perak djeung tina emas.

b. Anoe mareunang gelaran Kandoeroean, Rangga, Aria, Adipati, malah aja anoe nepi ka meunang gelaran Pangeran.

Pirakoe deui, lamoen djelema tara tjeehan mah, make aja anoe daek mere gandjaran. Malah kapan geuning rea pisan anoe djareneng, anoe dienstna geus leuwih ti 30 taoen, dititah pansioen teh, make njoehoenkeun sarantosna kiat keneh tjenah.

6. Goeroe-goeroe noe ajeuna geus diwachtgeld, geuning rea anoe rarekes marenta kana goeroe desa.

Lamoen anoe teu tjeehan mah geus diwachtgeld teh, meureun atoh bae, hajang tjitjing.

7. Anoe matoekangan, saperti: pandaj, paledang, kamasan, kapan rea anoe nepi ka ongko-ongko masih digarawe keneh bae.
8. Toekang dagang, toekang tani, pon nja kitoe keneh.

Areureun soteh ajeuna pedah geus kaelehkeun koe batoer, euweuh noe makieuhkeun.

Djadi lain teu tjeeh noe migawena, anoe daragang teh, tapi anoe mareulina, tara daraek barelandja ti bangsana.

Noehoen oepami aja anoe kersa masihan katerangan, lian ti kitoe, atanapi langkoeng ti kitoe.

*S.A.*

## Kroniek-Doenja

### Doenja Islam.

*Politiek karadjaan Iraq dina tanganna Radja Gozie noe ajeuna.*

Perdjalanan politiekna Radja Gozie di Iraq anoe ajeuna, katjida dipikasatoedjoena koe rahajat djeung koe saantero doenja Islam.

Andjeunna katjida kerasna njiar daja oepaja geusan ngahiroepkeun deui kadoedoekan bangsa Arab, djeung ngahoedangkeun deui perasaan Arab anoe geus leungit tina ati sanoebarina.

Sangkan bisa nganjahokeun koemaha kaajaan Iraq ngadjalankeunana politiek dina waktoe-waktoe ieu, sarta toedjoean koemaha anoe didjalankeun, oge naha boga niat rek ngarobah asas politiek anoe ti heula anoe geus didjalankeun djeung diatoer koe al marhoem Radja Faisal, sarta didjalankeun koe sababaraha kakawasaan anoe aja dibawah parentah andjeunna; di dieu beunang diseboetkeun, saperti anoe geus kaboektian, kabeh staatsman-staatsman, pamingpin-pamingpin politiek, ngandoeng maksoed anoe sapagodos, nja eta baris noeloejkeun politiek anoe geus diatoer koe al-marhoem Radja Faisal, sarta baris ditegoehan salawasna.

Eta tangtoengan politiek teh ngandoeng toedjoean ka beulah djero, nja eta make dadasar negoehkeun karadjaan anoe diatoer kalawan atoeran anoe rapih toer koeat, sarta soson-soson digawe pikeun kapentingan nagara reudjeung ngadjaga ganggoean ti loear

Oge oesaha pikeun ngajakeun djalan-djalan goena kamadjoean digawe ngaloearkeun hasil nagara, sarta njokot katetepan pikeun poeseur-poeseur anoe djadi hoeloewotan economie.

Djaba ti eta nge noemkeun pangadjaran sarta disebarkeun ka rahajat, djeung ngalobakeun ngirimkeun oetoesan pikeun studie ka loear nagara, sakadar anoe koeat dikaloearkeun ongkosna koe begrooting nagara.

Koe djalan kieu gede pangharepan loba djelema terpeladjar di eta nagara.

Demi toedjoean politiek loear, nja eta njokot asas ngajakeun perhoeboengan persobatan djeung karadjaan-karadjaan di Europa, soemawonna djeung karadjaan-karadjaan di Timoer, anoe di antarana saperti karadjaan Perzie reudjeung Turkije.

Oge mengkoehan tali persaudaraan djeung karadjaan Arab noe sedjen, saperti karadjaan Yemen Egypte djeung Ibn. Saoed. Babakoena ngagoenakeun politiek anoe make dadasar perasaan kabangsaan kalawan saterang-terangna terhadep nagara-nagara Arab.

Kitoe deui tinggaleun njadiakeun balatantara noe koeat sarta anoe diatoer beres anoe beunang digoenakeun dina aja kadjadian anoe loear biasa, anoe ngantjam ka eta nagara.

Tah sakitoe asas politiek anoe geus diatoer koe Radja Irani almarhoem, nja eta Radja Faisal.

Dina waktoe noe pangachirna andjeunna geus ngagoenakeun sakabeh tanagana geusan ngadjalankeun eta tjita-tjita anoe oge di toendjang koe sakabeh rahajat Iraq djeung dibantoe koe tanaga maranehna, nepi ka andjeunna poepoes.

Di palebah dieu oerang oelah poho, jen pergerakan rahajat oge anoe geus boekti sarta disebarkeun koe soerat-soerat kabar Bagdad dina panoetoep boelan Augustus anoe geus kaliwat geus ngadjoerkeun sababaraha soerat ti sabawahan Iraq, babakoena ti pamingpin-pamingpinna djeung gegeden-gegedenna, ngadesek ka Pamarentah menta ditetepkeun wet kerdja paksa Militie djeung gantjang didjalankeun, oelah nepi ka moendoer madjoe, nja eta pikeun moekakeun djalan ngajakeun hidji balatantara rahajat anoe koeat anoe bisa ngadjaga nagara sarta bisa nolak serangan moesoeh, karana geus kaboektian koe kadjadian-kadjadian noe boekti, nembongkeun jen sakoer Pamarentah anoe henteu mageuhan kakoeatanana, tangtoe baris leungit, moesna koe desekan djaman.

Ajeuna kaboektian, Radja Gozie noe ajeuna ngadjalankeun toedjoean ramana almarhoem dina hal politiek nagara, di loear boh di djero. Oge andjeunna baris ngaraketkeun persaudaraan antara nagara-nagara Arab anoe deukeut ka dinja, sarta anoe moal salah deui andjeunna baris meakeun tanagana geusan ngoedag tjita-tjitana nja eta persatoean Arab, anoe djadi boeah manah ramana, pangintjlengan saoemoer hiroepna.

Djaba ti eta oge andjeunna baris ngagoenakeun daja oepaja tina sedjen djoeroesan anoe sakira bisa gantjang nepikeun kana eta tjita1tjita kalawan kalaloeasaan.

Pikiran anoe seukeut toer loeas, eta memang geus djadi bakat ka andjeunna dina oenggal-oenggal ngadjalankeun tindakan noe koe andjeunna dilengkahkeun.

Oerang pertjaja, moal salah deui tangtoe andjeunna baris meunang toendjangan djeung bantoean ti pihak pamingpin-pamingpin rahajat di Iraq saperti toendjangan djeung bantoean anoe geus karandapan koe ramana almarhoem dina waktoe noe ka toekang.

Tah sakitoe kaajaanana politiek Iraq anoe didjalankeun koe poetrana kalawan neroeskeun perdjalanan ramana almarhoem.

## Bedja-bedja

### OGE KARIBOETAN NOE DAGANG.

*Contra anoe meulina.*

Hidji bangsa Tionghoa anoe dagang di sisi djalan di Soerabaja keur waktoe peuting, geus riboet djeung noe rek meulina bangsa Madoera.

Tjenah mah ieu oerang Madoera teh rek meuli beubeur. Si Tionghoa tea, ditoebles lebah beuteungna djeung oge keuna kana lebah iroengna, nepi ka ngalocarkeun getih noe lain saeutik. Hadena henteu matak salempang pikeun djiwana mah.

Noe boga dosa harita keneh toeloej loempat doeka ka mana djigna.

Naon anoe djadi lantaran tjek P.S. atjan aja katerangan anoe tetela.

### PENDJOEALAN GOELA.

Noeroetkeun bedja ti Soerabaja NIVAS geus ngadjoeal goela nomer hidjina ka Tiongkok anoe lobana 1004 ton djeung noe nomer doea-na 7780 ton.

### DJELEMA - DJELEMA NOE MARINGGAT TEA DI LHONG.

Noeroetkeun pakabaran ti Koetaradja, djelema-djelema noe maringgat ti bawahan Lhong teh, ajeuna geus kapanggih, maranehna aja di deukeut kampoengna. Tapi balad-balad militer tjan bisa nepoengan ka maranehna.

### LIJN PANGAPOENGAN KA MAKASAR.

*Proefdienst Knilm geus bisa dimimitian.*

Noeroetkeun kabar Aneta, lapang pangapoengan di Makasar teh geus kaidinan dipake kalajan asmana Bureau Luchtvaart, nepi ka pertjobaan Knilm sadjero 3 boelan bisa dimimitian.

Iraha rek ngamimitianana didjalankeun masih tjan aja katetepan, sabab babakoena koedoe nginget keun kana kaajaan hawa djomantara djeung sasadiaan-sasadiaan noe masih keneh perloe didjalankeun.

### LINI DI PADANG.

Dina powe Senen noe anjar ka liwat, kira-kira poekoel 11.20 peuting di Padang geus karasa aja lini anoe dibarengan koe ngagelegerna di djero taneuh.

### *Soeal politiek Iraq keneh.*

Di loehoer geus didadarkeun kaajaan politiek Iraq anoe didjalankeun koe Gozie ajeuna, kalawan ngagoenakeun perdjalanan anoe geus dirarantjang koe Radja F'eisal almarhoem.

Djadi Radja F'eisal almarhoem teh poepoesna kalawan ngantoenkeun hidji kasempetan lowongan keur nagara.

Eta rarantjang ajeuna keur „di djalankeun koe Ministers-Ministers, kalawan kagiatan djeung kaactief-an.

Nilik kitoe kaajaanana, sigana kahareup mah karadjaan Iraq teh kaasoep kana hidji karadjaan anoe koeat.

Di dieu beunang oge diseboetkeun jen perhoeboengan antara Inggris djeung Iraq, beuki ditegoehan, sabab Inggris oge njaho, bahaja naon noe baris karandapan dina djaman noe baris datang, lamoen manehna ngarobah persobatan djeung Iraq.

Oge pamarentah Iraq baris teroes ngadjalankeun plan anoe geus diatoer koe almarhoem Radja F'eisal, tina hal persobatan djeung karadjaan Inggris.

Sakoer tjita-tjita anoe tatjan kadjalankeun ajeuna keur giat di garawe sangkan bisa ngalaksanakeun tjita-tjitana.

### MESIR.

*Partij anoe anti ka kabinet anjar.*

Sigana soeal politiek di tanah Mesir oge teu eureun-eureun dibadamikeun koe djelema-djelema.

Tjindekna anoe geus ngomean soeal politiek teh lain bae di doenja Koelon, di doenja Wetan oge henteu tinggaleun.

Anjar-anjar ieu di Mesir party wafd geus ngajakeun pasamoan di clubgebouwna, geusan ngatoer hidji rarantjang anoe diantara eusina nerangkeun kaajaan kabinet anjar, sarta bisa djadi eta katerangan baris gantjang disebarkeun.

Moehammad Mahmoed Basja oge, kapala party Liberaal geus ngaloearkeun pamflet anoe di dinja diseboetkeun sikep party andjeunna terhadep kaajaan kabinet anjar djeung hal politiek ajeuna.

Oge di kalangan party anoe anti terhadep atoeran noe ajeuna, bisa diboektikeun jen aja hidji gerakan anoe asas toedjoeanana bisa digawe babarengan. Malah aja pangharepan gantjang babadamian antara pamingpin-pamingpin ieu party-party geusan ngabarempoegkeun hal ieu. (A.M.S.).

**Satoe Tenggoengan.**
Boeat sesoeatoe orang dari:
*SABANG KA MERAUKEE MERAK KA BANJOEWANGI.*
*Jang memake bahan pakean tjap T.T.G. tentoe kentara:*
GINDINGNJA
GAGAHNJA
dan DJEMPOLNJA
*Baroe trima colectie baroe. Bradford's Wollenstoffen.*
Firma „TAN TJOEI GIN"
Pasar Baroe 50 — Bandoeng.
57.

—Perloe—
Ketoe oedeng
— Batik
Poleng Plekat
Sloffen —
— Sandal Taroempah
Djamoe Djawa tjampoer
— Sari —
?
" Sportman — Tablet"
11
—Ketoe Oedeng Makerij— Noord pasarstraat Bandoeng
E. M. MOECHTAR

DAGANG ............
SARENG DAGANG KANTENAN SAMI
NAMOENG ............
Toedjoean padagang noe kantenan moal sami
10 Sapertos :
SALAMINA
Ka noe baranggaleuh nampina ka lajan kahormatan.
Batikan, sindjang poleng, ketoe-oedeng, kopjah, palekat soetra, samarenda s. s. t.
Barang-barang anoe diitjal kantenan model noe panganjarna.
Ngitjal barang sawios oentoeng saeutik, soepados seueur ngitjalna.
TOKO HALIM
Wester Passar - straat No. 16
nanggel tiasa njaosan, sakoemaha anoe kasehat diloehoer
MANGGA SAROEMPING

**Ini hari kita baroe Terima**
Satoe party CREPE GEORGETTE KEMBANG.
Kwaliteit paling baik,
Kembangnja paling manis,
Apa lagi harganja tida mahal.
**Toko PADANG.**
**SABAROEDDIN**
Handel in Batik & Manufacturen 109
Groote Postweg Kosambi 245G. Bandoeng.

**KOFFER GRAMOPHOON,**
merk: COLUMBIA & EAGLE
pangaos teu kinten mirahna.
Njajagikeun roepi-roepi plaat lagoe:
Soenda, Melajoe, Djawa, Arab, sareng Europa.
27 Toko ANG WEST
Passar Baroe 34 — Bandoeng

## Economie

**Pasamoan ngadegkeun Centraal-Coöperatie Garoet.**

Dina poè Minggoe noe anjar kaliwat di gebouw H.I.S.P.G.B. Garoet geus diajakeun pasamoan tina ngadegkeun Centraale Cooperatie.

Anoe ngaloeoehan ngan sa koer ondang-ondangan bae kaja ning: Cooperatie Bank Pasoen dan Leles—B.P.K.B. Bajongbong—Bank Cooperatie Persaudaraan Pemegatan—Djeudjeuh Pakeun Tarogong—Bank P.G.I. Garoet P.P.N. Garoet—Cooperatie Paoesahaan Garoet—Bank P.G.B. Garoet—S.C.C.B.K.P.K. Garoet Centraal Cooperatie Bandoeng—Pasoendan tjabang Garoet djeung Bank Pasi Garoet.

Sanggeusna ondangan-ondangan diabsen, ladjeng pasamoan kira-kira poekoel 9.30 diboeka koe djrg. Abdoelah sebagi Voor zitter tina comite pendirian Centraale Cooperatie.

Mantenna ngoetjapkeun kala jan noehoen ka soegri noe sa-roemping, tjatjakan padoemoekan tararebihna—tjek spr.—geuning teu boeroeng kersa njangkolong waktos kangge ngaloeoehan eu pasamoan anoe sakitoe pipentingeunana kangge anoe saroem ping boesoesna oemoena kan ge cooperatie-cooparatie di weweng koa Garoet. Soemawonten ka Djrg. Sastraatmadja mah anoe tjoendoek ti Bandoeng djaoeh teu boeroeng merloekeun. Oge ka noe masihan tempat koe andjeunna dinoehoenkeun.

Ladjeng Voorzitter maos heu la serat noe katampi ti Adv. voor V.C.W. en Cooperatie, noe kaseboet pandeuri mopojankeun. jen henteu tiasa ngadjoeroeng keun wawakil sakoemaha noe geus didjandjikeun lantaran aja ha langan, parandene kitoe mantenna teu boeroeng ngadoedoea ka na ngadegna Centraale Coopera tie Garoet, saoerna moegi moegi eta pasamoan sing kapeuk hasil na, oge mantenna djanggji, jen moal sakoemaha lila deui, dima na Centraal Garoet geus disi h keun baris mere panerangan tina tjara-tjarana ngadjalankeun djeung ngatoer administratie Centrale Cooperatie.

Saparantos na Voorzitter ngaoeboenkeun ka soegri anoe saroemping djeung nerangkeun eusina soerat ti Adv. V.C.W — la djeng nerangkeun deui pidatona.

Para djoeragan sadaja!

Sim koering ngaraos kaantjikan koe kewadjiban geusan nga hargaan kana tanagana mi ra sim koering, njaeta djrg. Mamie Danoemihardja, noe parantos kersa ngorbankeun tanaga mantoe-man toe ka sim koering dina enggoning naratas pidjalaneun, namoeng ngan oekoer tiasa ngedalkeun ke tjap reboe-reboe noehoen, moegi moegi Goesti noe Maha Soeti males kana kasaean andjeunna.

Para djoeragan sadaja!

Noe sami saroemping kana ieu kempelan kantenan parantos ta ringali maksadna pang sim koering midamel rioeng moengpoeloeng, njaeta:

Dina keur didamel keneh di Gouvernement sim koering parantos aja tjita-tjita kana maksad noe ditoedjoe koe Comite pendi rian Centrale Cooperatie ajeuna malah dina saban-saban rioengan oge sim koering sering nembong keun angen angen noe ditoedjoe koe Comite tea. Namoeng teu laksana bae djalaran teu aja wak tos.

Roepina bae awahing parantos tjoendoek kana waktoena ninggang kana mangsana, doemada kan sim koering liren tina damel, nja angen-angen noe parantos la mi dikandoeng teh tiasa kalaksanakeun.

Katambah sim koering pisan noe ngiring kana best. Comite, nja laloeasa tiasa ngentjarkeun pa maksadan tea katambih-tambih seueur noe roemodjong, nja ngeu reujeuh dihantja.

Para djoeragan sadaja!

Noe ditjileuk koe sim koering, hajang midamel pagoeloeban pi keun djalma kaloembrahan bae, babakoena noe tani sareng noe balantik leuleutikan, nja eta soe paja djadi sareundeuk saigel—sa bobot sapihanean dina djalan noe bener, tegesna teu ngarempak larangan Agama djeung Drigama atawa Nagara, toer noe pimang pesteun. Tapi eta angen-angen teh ngan emoetan woengkoel, ti na tjan timoe koemaha piaka leunana geusan metakeunana soe paja loeas-loeis toer aja pioentoe ngeunana sarta baris ngahadean adat-adat noe taja mangpaatna djeung ngamomonjah redjeki.

Naon margina noemawi sim koering gadoeh emoetan keukeuh peuteukeuh koemalantjang koema wani, toemorodjog tanpa larapan wani-wani ngentjar-ngentjarkeun eta pamaksadan noe lain gara peun hidji djalma, toer noe toe na penemoena, koerang hartana.

Koemargi ngantos-ngantos pe relekna ti noe pinoeh panemoe na, harta harti sagala aja, teu aja bae—nja sim koering maksa keun bae, sabab ieu hal lain pa ngaboetoeh noe rea harta ketan keton pinoeh panemoena, tapi pangaboetoeh noe narandangana na.

Ladjeng mantenna ngawang kongkeun heula tina bab Coope ratie noe ngandoeng roepa-roepa harti, koe andjeunna ditetek tina productie—landbouw — crediet—verbruik—bouw djeung irrigatoe cooperatie. Goenana djeung asal moeasalna ieu noe ditataan diloe hoer koe andjeunna dietjes-etjes keun.

Sprekers henteu weleh toetoeloejan, toeloej ngaretjah harti overproductie — onderconsumptie rationalisatie —autocratie —aristo cratie djeung panoetoepan cen tralisatie. Kabeh noe toengtoeng na make "tie" koe andjeunna di terangkeun pandjang lebar (didieu henteu koedoe dibeberkeun deui hartina, lantaran dina s.s.k. oge geus remen diwaljangkeun).

Babakoena djoedoel tjarita teh modjokna pisan mah ngan dina lebah Centralisatie bae.

Saparantosna tamat midamel boeboeka noe aja patalina djeung centraal ladjeng Voorzitter nga hatoeranan ka ondangan-ondangan (wawakil-wawakil coopera tie) anoe bade njarios. Ampir kabeh oetoesan-oetoesan coope ratie pada namploekeun tjita-tjita na — pada ngedalkeun pamanda nganana tina hal kagoenaanana Cooperatie keur hiroep koem boeh soemawonna tina perkara kana ngadegna Centrale Coope ratie mah, para spreker pada noe plak topi pada mintonkeun ka boengahan, sarta kabeh pada ngadoedoenga ka Centraal Cooperatie Garoet anoe beunang ngaberdjelkeun kalawan soesah-pajah, ajeuna ninggang kana oegana ngagoeroedag bari ngagoar hajang tandang di doenja econo mie, malak mandar tjeuk sprekers sadaja — bisa loeloes bangloes, anoe ahirna diadi papajoengna, pangaoeban cooperati-cooperatie di wewengkon Garoet.

Mana komo oetoesan ti Bandoeng mah njaeta djrg. Sastraatmadja ti Centrale Coöperatie Bandoeng, ana njarios tarik ngeng kreng perlambang djalmi luedeung soemeulenkeung.

Atoeh da poegoeh djalma ahli economie, ana njarios ngan modjok dina masalah economie bae, mi nangka moemoenelna tjariosan mantenna, pirakoe—saoerna—oerang l-moen ngahidji mah moke henteu bisa meuli kapal sagala, geura: Oepama di Garoet aja ± 144 dessa (144 pakoempoelan Coöperatie) pek njieun aandeel à f 100.— = f 14.4000. Pek hidjikeun djeung Bandoeng—Tasik enz. didjoemblahkeun aja malioenna. Lain gede ari kitoe? Lain djadi pamentjrongan djeung djadi kapertjajaan groote fabrikanten ari kitoe?

Ana geus goelet djeung groote fabrikanten boh aja noe di Indonesia atawa di loear nagara, moal kalilito teuing koe harga-harga barang teh.

Satoeloejna sprekers njarioskeun, jen oerang hiroep teh oelah mijoeni teuing manoek noe ngoeng koeng dina koeroeng, salawasna tergantoeng ka batoer, ana ngentjar tina koeroeng nendjo beurit moe iding, nendjo waloengan sawah sieun . . . .

Oge spreker teu weleh nerangnerangkeun koemaha bedana cooperatie noe enggeus djeung tatjan meunang Inl. rechtspers.

Sakitoe minangka wangkongan hal Centrale-Cooperatie mah!

Ladjeng njokot kapoetoesan, jen pasamoan moefakat kan aja na (gadegna) Centraal).

Ladjeng ngajakeun pilihan bes tuur, sarta anoe boga hak milih teh njaeta wawakil-wawakil anoe cooperatiena geus djeung bakal meunang Inl. rechtspers sarta a noe djadi lid centraal. Anoe dja di kiescommissie para djoeragan Soetisna-Barastan djeung djrg. Wangsa. Saparantosna dioendi anoe kapilih kana pangoeroes teh njaeta para djoeragan:

## Indonesia

**Pindahan goeroe-goeroe Verboodsbestuur merebedja:**

Kasiran ho sak kl. II No. 3 Poerworedjo pindah ka sak kl. II. No. 2 didinja keneh Tokijan alias Wignjasoewarna ho sak kl. II. Pandjatan Djokjakarta diang kat djadi schoolhoofd didinja ke neh.

R. Kresna alias Rd. Adisoekresna oeroet onderwijzer Ambachtsleergang di Semarang di angkat djadi schoolhoofd (1e Cat) ti sak kl. II No. 12 Semarang.

Madia Martasoedirma ho sak kl. II. Soerotroenan Keboemen diangkat djadi wd. schoolhoofd (2e Cat) didinja keneh.

Leo Jadiran alias Adipidjoto Inl. ond. sak kl. II. Pokoh Solo diangkat djadi schoolhoofd (1e Cat). di sakola kl. II. Woerjan toro Solo. Mej. Sirgading ho-es MVS Tambak Banjoemas pindah ka MVS Parakan Temanggoeng Parakan Kedoe.

Mej. Parmini wd. ho-es MVS Koetoardjo pindah ka MVS Poer woredjo.

Mas Soebijaktoe alias Sastro dipoero onder. HIS. Magelang pindah ka sak. Ambon didinja keneh.

Moeb. Makloem alias Wirja sapoetra ond. HIS. Tjilatjap Banjoemas ditambahan deui paga wean schoolhoofd di sakola eta keneh.

Saidi gelar Soetan Sati ond HIS. Pajakoemboeh pindah ka sakola Schakelschool Padangpan djang.

Achmad Moestafa Particulair di Padang diangkat djadi tijd wd. onderwijzer di HIS. Paja koemboeh.

Sastraprawira wd. SO. Tjian djoer diangkat schoolopziener didinja keneh.

Sapei Kartawiria wd. SO. So reang diangkat djadi SO. didinja keneh.

Mas Ranoesoedirdjo wd. SO. Sindanglaoet Cheribon diangkat djadi SO. didinja keneh

Rd. Soerjadinata kap. sak. kl. II. No. 2 di Serang diangkat wd. Schoolopziener di Tjiroeas.

Darsan alias Martadarsana oud Schakelschool Padangpandjang diangkat djadi wd schoolhood HIS. Brebes.

Marah Sarifoedin filiaal HIS. Fort de Kock pindah ka HIS. Fort vd. Capellen.

Albar onderwijzer HIS. Fort vd Capellen diangkat djadi wd. schoolhoofd didinja keneh.

Soenarna alias Wirjasendjaja hulponderwijzer sakola kl 2 Ardjowinangoen Madioen ditempat keun di HIS. Trenggalek Kediri.

Abdoellah alias Abdoellah Hoe sin Nawawi kap HIS. Fort de Kock pindah ka HIS. Bitoera dja, Palembang.

Mevr. Tinah oeroet ho sak Meisjesschool Fort de Kock njadi tijd wd hulponderwijzeres Meisjesschool Pariaman.

Mochtar gelar Sidi Mahara dja Lelo. schoolhoofd (2e Cat) sakola kl 2 Raoe pindah ka sa kola kl 2 Koebangpoetih Fort de Kock.

Soeki schoolhoofd (5e Cat) sa kola kl 2 Koebangpoetih pindah ka sakola kl 2 Rao.

J. Mandalisa ond. schakelschool Barabai ditempatkeun d HIS. (Neutrale Vereeniging) di dinja keneh.

Achmad ondewijzer speciale school pikeun baroedak Ambon Magelang pindah ka schakelschool Modjokerto.

SS.M. Ondang ond schakel school Modjokerto pindah ka Am bonsche school Magelang.

P. Ritonga ond. HIS. Dolok Sanggoel Tapanoeli pindah ka HIS. Medan.

Mej. Tengkoe Doerad onder wijzeres H.I.S. Medan diang kat djadi Eur. onderwijzeres di H.I.S. di dinja keneh.

Sadat alias S. Hardjasoetisna hulponderwijzer Mangkoenegaran sche school Soerakarta pindah ka sakola H.I.S. Bojolali.

Pangrasa alias Wignjosoedar ma ho sak kl.II. Sangkapoera Soerabaja pindah ka Grisee Soe rabaja.

Drahman alias Sastramihardja Inl. Volksonderwijzer Grisee Soerabaja diangkat ka sak kl.II No. 1. Modjokerto.

Soerahman alias Darmawidjaja Inl. Volksonderwijzer sakola kl. II. No.1. Bondowoso diangkat ka sakola kl.II. No.3 Bondowo so.

Moestran alias Sastropandojo hulponderwijzer sak kl.II. Kasi ban Djember pindah ka sakola kl.II. Amboeloe Djember.

Lasiran alias Martaoetaja Inl. Volksonderwijzer Wates Beloeng Malang pindah ka sak kl. II. Wadjak Malang.

Pontjonoto alias Wirjosoedjono ho sak kl. II. No. 1. Sitoebondo pindah ka sak kl. II. No.1. Pa mekasan.

Soetajatna Inl. Vo sakola kl. II. Seloredjo Soerabaja pindah ka sak kl. II. Kertoredjo Soera baja.

Soemardi alias Mardisoehardjo ho sak kl. II. Somoroto Madioen pindah ka sak kl. II. Djekek Ke diri.

Tomsa alias Satriodarmo vo sak kl. II. No. 1. Toempang Ma lang pindah ka sak kl. II. No.2. Pasoeroean.

---

Hadji E. Natawiria Voorzitter Mamie Danoemihardja Secretaris I Satibi Penn. meester Commissarissen $^1/_2$ Aan Soepandiria djeung Wargamihardja

Demi djrg. Abdoelah Adminis trateur.

(Saenjana ieu pilihan netepkeun kapangkatanana mah dina bes tuursvergadering, njaeta dina si toetasna pasamoan kahidji)

Saparantosna midamel pilihan bestuur, ladjeng ngabadamikeun tina statuten Centraal Cooperatie anoe harita diaos sapasal-sapapsal koe djrg. Satibi.

Koelantaran ngabadamikeun sta tuten teh didadak harita atoeh hadirin teh di a ngabandoengan ana kalimah-kalimah henteu sa koemaha tenget, ngan bae ari noe penting bese) pisan mah re dactiena, sok radjeun koe djrg. Sastraatmadja djeung djrg. Satibi diterang-terangkeun.

Statuten koengsi aja saoetaksaeutik robahan, ieu teh babakoe na koe ragotna sawatara hadirin anoe saregep ngabandoengan ka na redactiena statuten.

Saenggeusna tamat dibatja toe loej koe pasamoan eta statuten disahkeun, njaeta baris teroes di kirimkeun ka Adv. V.C.W. ter goedkeuring.

Teras Voorzitter ngabahas ka na rondvraag. Dina netepkeun con tributie koengsi ragot, nja distem. Doepi poetoesanana tina kontri butie njaeta: I a. Contributie . . . . . f 0. 50

b. Controlekosten . . . . . f0. 25

Djoemblah f 0,75 dina saboelan ti 1 elid.

Teroes netepkeun noe mareuli aandeel poetoesanana njaeta II 1. Cooperatie Pamegatan meuli . . . 2 aandeel

2. S.C.C.B.K.P. meuli . . 2 aandeel

3. B.P.K.B. meuli . . . . 1 aandeel

4. Cank P.G.B. meuli . . 1 aandeel

Djoemblah 6 aandeel a f 0. 50

Didjalankeunana noe kaseboet I djeung II njaeta dina tanggal 1 Mei 1935 (Saenggeusna Centrale Cooperatie meunang Inl. rechtsper)

Saenggeusna Voorzitter ngadja wab roepa-roepa pertanjaan ti ha dirin, kira-kira poekoel 1 pssamo an ditoetoep sarta satoeloejna di samboeng koe bestuursvergade ring njaeta geusan ngabagi-bagi pagawean djeung netepkeun dja batanana 1 - 1 bestuur.


## Tida 1 dalam 100

Ja, tida satoe dalem 100 orang taoe qualiteit barang bagimana ada jang baik. Dengan gampang pembeli bisa kadieblos.

Itoe bergantoeng sama sekali dari pendjoealnja. Dari itoe kaloe Djoeragan maoe pake barang, taoelah pada adres siapa Djoeragan moesti beli. Ja-itoe pada adres jang pegang tinggi nama tokonja, sebab adres jang soe dah terkenah ada mendjadi satoe tanggoengan.

Terlebi-lebi kaloe Djoeragan membeli kain Batikan. Djoeragan misti pergi pada toko jang pegang Qualiteit. Dengan harga menjenangken toko „De STIA" Pangeran Soemedangweg Bd.

Sedia roepa² kain Batikan Tenoenan petji dan ketoeoedeng. 14

N. B. Berlangganan sama kita berarti Berhemat.

## MENAWARKAN.

Kita ada sedia banjak roepa-roepa barang seperti: Tjita-tjita, Crepe de Chine polos, Crepe Marokain kembang, Gabardine wool, Linnen drill poetih, Poplin strip, Badjoe wool prampoean, Minjak wangi, Kaos kaki, Dasi, Badjoe Pijama, Badjoe kamed a, tempat sirih, Koffer Fibre, Koffer besi badja d.l.l.

Harep Toean dan Njonja dateng blandja, sekalian saksikan harga melawan moerah dari lain Toko.

No.99. **TOKO „JAVA"**

Pasar Baroe 76 (Moeka Pasar) Bandoeng

**OEBAR KOKOLOTEUN**

Hidji oebar noe pangaloesna, sarta pangmatihna, pikeun ngoebaran sagala kasakit dina beungeut, njaeta anoe kaseboet kasakit kokoloteun.

Hargane 1 doos f 0.30.

**BEDAK RATOE**

Lemes djeung seungit.

Koewat, toer matak lemes kana koelit beungeut.

Harga sadoos f 0.15

Tiasa ngagaleuh di

**Apotheek EUREKA**

Pasar-Baroe 19 Gr. postw.6 BANDOENG

(Sabeulahna Toko VISSER)

**DROGISTERIJ „LAWI"**

CHERIBON

**Awas! Persen f 1000.**

**(sareboe roepiah)**

Siapa sadja jang bisa kasi katerangan saja poenja **obat-obat** tjampoeran dari ap.

**Speciaal dari:**

**Penjakit:** impotencij (pe eh). aambeien. segala re njakit koelit, beka of gatel.

**Penjakit:** Sijphilis of gonorhoea dan mata.

**Saja bisa bikin baik 90 %**

Toean² dan Njonja² kaloe ada penjakit, seperti sakit: Ambeien, kloear darah of kloear bidji of penjakit prem poean, kloear nanah of loeka kemaloean (peloeh), mani entjer, sakit batoek, sesek napas, nierziekte, orang (prempoean tidak tjotjok boelan of kloear kepoetihan (pektay). sakit tcelang of badan mati sepero.

Dan segala penjakit mata: kaboer of merah of kepoe tihan of kloear aer dan lain-lain, saja tanggoeng bisa kasi obat sampe baik.

Boleh lekas dateng sama Tabib AMIROEDIN, djangan sampe nasi mendjadi boeboer.

Segala waktoe boleh panggil, di dalem of loear kota. Ongkos dircken pantes.

Djam bitjara: Pagi 8 — 1 86
Sore 4 — 8

*Memoedjikan dengen hormat:*

**PROF. TABIB AMIROEDIN**

Oosteinde 17A (Parapatan 5)

Telef. No. **727** Bandoeng.

**Doctor M. Ch. Boon Von Ochsseé**

*Specialist Chirurg sareng Thabib kangge para istri.*

*Specialist keur noeloeng ka noe babar.*

JAVASTRAAT 11A—Telf.646 BANDOENG

Nampi tamoe:

ti tb. 7.30 doegi ka tb 9.30 en djing-endjing.

ti tb. 4.30 doegi ka tb5.30 sore atanapi saparantosna barempag.

Tiasa ngalandongan ultra korte golf diathermie sareng koe tjahja beureum (rood lichtbestraling).

seueur pangalaman kangge noeloeng ka djalmi noe bade babar kalajan teu karaos naon-naon.

Njajagikeun tempat kangge anoe bade babar.

Parantos 10 taoen lamina nga djalankeun padamelan kana Assistent ti Professor di Amsterdam sareng di Leiden. 89

**DRUKKERIJ TJAHJAPASOENDAN**

Pekiringan 88 - Pasarbalong CHERIBON

Selamanja mengeloearken Drukwerken jang setjara modern, dan harganjapoen moerah.

Lekas membikin pertjobaan.

**AMBEIEN**

**WASIR**

Panjawat wasir anoe kaloearan getih atanapi henteu ditanggel tiasa sae dilandongan lebet 15 dinten ka lajan zonder di operatie (dibelek).

Oge panjawat: Asthma, gohgoj ngaloearkeun getih, atanapi kosong, medjen, panjawat istri, kentjing manis, pa njawat toelang, seueul angen, kepoetian (pikthay) pameget anoe kirang kakiatanana (peloeh) sareng sadjabina. Saneskanten panjawat dilandongan doegi ka sae pisan zonder operatie tea.

Moegi djoeragan - djoeragan kersa njobi koe andjeun bae. Pangaos landong-landong direken noe pantes katjida

Noe ngadjeng - ngadien, kalajan hormat

**Ch. Hardin Tabib**

Soeniaradjaweg 8A — Tel. 1664 — Bandoeng

15 N.B. Landong-landong tiasa dikintoen kalajan Rembours


Salasawios parabot roemah tangga noe moderr., nja eta mesin kapoet listrik merk

„PERKOETOET".

Sae sareng rapih boeatanana, nanging teu langkoeng awis ti mesin noe sanes.

Atoeran majarna gampil pisan!!

Compleet nganggo motor sareng lampoe moeng

f 135.-

Importeur H. HOOGE

Logeweg no. 7 Telef. 1912 Bd.



## Sociaal

### Openbarevergadering Moeham madijah groep Soekamandi

Dina powe Minggoe ddo. 7-4-'35 Moehammadijah groep Soekamandi geus ngajakeun open barevergaring anoe diloeoehan koe k.l. 150 djalma; tempatna di Victoria bioscoop Soekaman di.

Djaba ti eta diantarana, aja wawakil-wawakil ti Perkoempoe lan Moehammadijah groep Kra wang, Tjilamaja djeung aja oge noe ti Batawi.

Nja kitoe deui wawakil ti po litie tjoekoep: oge ti wawakil soerat kabar, saperti: Sipatahoe nan, Pemandangan djeung Adil.

Sanadjan dina programma geus ditetepkeun oge, waktoena ver gadering baris dimimitian djam 9 isoek, tapi koelantaran wawakil ti politie tjan datang, sanadjan djalma noe rek njaraksian geus karoempoel oge, kapaksa verga dering ditoenggoekeun (? Red. Sip.)

Barang waktoe geus djam 9.30 leuwih, vergadering dimimitian bae diboeka, tapi wawakil politie mah tjan aja anoe datang keneh bae.

Boeboeka biasa sakoemaha ta li paranti, Voorzitter nganoehoen keun kanoe saroemping (di dieu kakara pihak politie saroemping versl), djeung ka oetoesan-oetoe san Moehammadijah ti masing masing groep. Nja kitoe deui ka wawakil-wawakil politie, djeung ka anoe boga tempat nja eta toean Soen Hoeij, oge ka wa wakil-wawakil pers, malah lebah dieu mah make aja ketjap-ketjap anoe „pohara leuwih ngagoeng keunana nja eta ka wawakil pers".

Sabada ieu Voorzitter masrah keun ka spreker ka hidji nja eta Djrg. Roedjalitoezie, sarta ieu Spr. samemehna njarios teh, nga os heula Qoer'an sarta 'ajat2 na teroes diterangkeun kalawan etjes pisan, anoe hartina netelakeun koemaha kawadjibanana sakabeh Manoesa anoe aja di Doenja, jen sakabeh anoe diterangkeun tina ajat ajat Qoer'an anoe tadi, teu aja hidji anoe teu nitah kana dja lan kahadean (kasoetjian), sabab sakoemaha anoe ditoelis dina ajat ajat Qoer'an anoe tadi teh, nja eta dawoehanana Goesti noe Ma ha Soetji anoe parantos diwakil moetlakeun ka Kangdjeng Nabi Moehammad s.a.w.

Spr. Nerangkeun deui ajat-ajat anoe karanganana Imam Godjali, jen sagala pangabisa anoe dipi boga koe Manoesa, oelah pisan rek diboenikeun (dikoretkeun) jen koedoe Pisan babarengan enggo ning ngalakonana, soepaja aja di na kaloeloesan djeung pada oe-matna.

Tjek Spr: dina ajat keneh, djeung teu meunang pisan patjek tjokan djeung pada babatoeran dina ngadjalankeun parentahan Alloh, sabab oepama aja anoe patjektjokan dina ngadjalankeun-nana, pasti baris meunang siksa an ka oemat anoe kitoe, djeung sabalikna ka oemat anoe soetji (choesoe) barisa meunang rochmat ti Alloh.

Spr: nerangkeun deui dina per kara zakat, hidji kawadjiban sa kabeh Manoesa (Oemat) keur ngalakonan bakti ka Alloh. Oge spr: njokot tjonto dina riwajat Doenja samemeh djoemeneng Kdj Nabi, eta perloe koe oerang di teangan atawa ditjonto sadjarahna.

Dina achli za'ir tjek spr: poma oelah pisan ngadjalankeun kala koean anoe matak koetjiwa ka diri, sabab matak ngadjadikeun koetjiwa ka sasama oemat.

Djeung oepama ngabogaan Qoer'an teh oelah ngan dipake papaes bae, tapi koedoe dihartikeun kalawan prakna dilampah keun sakabeh ajat-ajat tea.

Tina hal koekoempoelan oge Goesti Alloh parantos ngadawoeh keun tina ajat Qoer'an, saminggoe sakali mah koedoe.

Panoetoep Sprs. njaritakeun maksoedna Moehammadijah ngadjak babarengan dina enggo ning ngadjalankeun parentahan Alloh; sakoemaha anoe ditoelis dina ajat-ajat tadi.

Djoeragan Ismail Jamin kagiliran kana podium ngadadarkeun Islam djeung wetenschap.

Ieu oge samemehna prak, bia sa ngaos heula Qoer'an anoe sa terasna didjentrekeun hal ajat-ajatna eta Qoer'an.

Spr. nerangkeun jen di djaman baheula oge, saperti di tanah Arab, loba anoe palinter tina oeroesan Agama, sabab ari Aga ma teh, hidji atoeran dina hiroep oerang.

Nja kitoe deui ngakoe Islam teh, teu beunang dioekoer koe ngakoena bae, tapi koedoe kalawan prakna didjalankeun kalawan sabenerna, sakoemaha anoe dipa rentahkeun dina roekoen-roekoen Islam; sarta spr. njokot tjonto waktoe Kg: Nabi ngalih ka Me kah dina ngadjalankeun hakna hal zakat.

Tjek Spr. jen manoesa dina hi roep koedoe ninggalkeun ngaran anoe hade, keur ngawaris anak intjoe oerang atawa bangsana sabab sakabeh Manoesa datangna ka Doenja teu bisa njoho, nja kitoeu deui hal balikna ti Doenja teu bisa sakahajangna Manoesa bae (ditangtoekeun), tapi tangtoe koe kersana Alloh.

Djadi tjindekna mah oerang hiroep di doenja teh koedoe ber-Iman, oge dina ber-Islam hen teu aja hargana oepama ngan nga koe bae mah, tapi koedoe reu djeung ngadjalankeunana, sakoe maha anoe geus diwadjibkeun.

Panoetoep tjarita, ijeu oge Spr: idem bae djeung spreker ti heu la, nja eta ngadjak babarengan ngadjalankeun kawadjibanana.

Sanggeus voorzitter nganoe hoenkeun ka spreker's noe doea, teras ngahatoeranan deui Djoe ragan Soetalaksana tatamoe ti Batawi, soepaja kana podium.

Ieu Spr.: ngadadarkeun Azas sareng toedjoean Moehammaddi-jah; tapi samemehna njanggakeun Silatoerachmi heula sadajana, reh na membean patepang, sarta nga moega-moega Moehammaddijah di Soekamandi sing pinanggih reu djeung karahajoean.

Katerangan ka 1: Moehammad-dijah njaho, jen sakabeh djalma di sa Indonesia, tjan kabeh nete pan kana roekoen-roekoen Islam anoe lima perkara tea, sabab ieu teh jen geus leungit Soemangetna Islam.

Koe sabab eta Moehammaddi jah maksoed hajang ngahadean ka na ka Islaman (Agama) anoe geus rek leungit Soemangetna tea.

ka 2. Ngamadjoekeun hal pa-ngadjaran geusan kamadjoeanana baroedak oerang, soepaja di achir aj dina kamadjoean, sabab loba pisan djalma-djalma (kolot-kolot) merena pangadjaran kanoe dja di anakna teu sapagodos kamistiana na.

Koe sabab eta perloe Moehammaddijah ngajakeun sakola-sakola ti noe panghandapna nepi ka pangloehoerna (A.M.S. anoe dia degkeun di Betawi)

ka 3. Moehammaddijah ngamadjoekeun perkara didikan ka baraoedak oerang

ka 4. Hal P.K.O. geusan noe loeng djalma-djalma anoe fakir miskin. oge dipadjoekeun sarta disajagikeun patempatanana.

ka 5. Pergerakan Iboe [Ai'siah] oge dipadjoekeun, sabab jen Kaom Iboe oge perloe aja dina per gerakan, geuning tjek dina ajat oge „jen Sawarga teh aja dina dam pal soekoena kaom Iboe".

Ijeu spreker idem deui bae di na panoetoep tjariosanana mah, saeta kapaksa tjek spr. tjaritaan teh ditjokot maksoedna bae, sabab beak waktoena.

Panoetoep anoe djadi spreker, djrg. Djajasoekarta ti Batawi ke neh, ijeu mah pohara ngagoembi rakeunana ka vergadring, sabab njaritana make doea basa nja eta melajoe djeung Soenda [ari noe sedjenna mah Melajoe bae, verslag.] djadi roepana oepama aja noe teu ngarti basa Malajoe teh bisa kaharti oge maksoedna.

Ijeu sreker nerangkeun jen Moehamaddijah groep Soekaman di teh. maksoed ngadegkeun sa kola bagian Madrasah, teroes di terangkeun kaperloeanana sakola, oge djadina eta sakola teh tergantoeng ti pendoddoeka di tempat anoe rek di adegan (ajakeun) eta sakola tea. Sadjabana ti kitoe diterangkeun koemaha kaajaanana bararoedak anoe teu meunang pi san didikan ti sakola, atawa oge anoe salah gidikanana, sarta koe spreker ditjontokeun kana kertas bodas anoe entjan aja toelisana na, koemaha kadjadianana oepa ma ditoelisna koe mangsi hideung s.dj.t.

Njakitoe deui koe spr: terang keun tjontona sakola di groep Krawang, tjatjakan anjar keneh mah moeridna k.l. 90 boedak a wewe lalaki.

Sateroesna spr: matja H.R. anoe dibarengan ngamoega-moega sakola bagian Madrasah anoe rek diajakeun di groep Soekaman di sing gantjang hasil maksoedna, sarta teu weleh dibarengan koe kapertjajaan ka pendoedoek Soeka mandi sakoemna.

Lebah dieu disamboeng deui koe djoeragan Soetalaksana, ne rangkeun jen sakola-sakola A.M.S.. Mulo Moehammaddijah teh; ari pangadjaranana mah saroea bae djeung sakola-sakola noe sa nes, ngan ditambahan koe didi kan ka Agamaan [ka Islaman].

Dina bagian rondvraag anoe njarios doeaan, sanggeusna teu aja deui noe ngiring njarios, ver gadering ditoetoep djam 12.40 siang.

Disarengan koe ngaos fatihah 3 kali.

(Verslag.)

## Radio

### PROGRAMMA V.O.R.L. BANDOENG.

Zender Y.D.H. 8 Golftengte 158 m.

Powe Djoemaah tanggal 12 April 1935,

4.5—5.15 Njebarkeun lagoelagoe Malajoe (Moeriskoe Matjan, Stamboel Lem ak-lembak, Trek tek tek baroe, Dana Dini, Schoon ver van U, Li-li Li-li, Stamboel de Melati, Krontjong Kemajoran).
5.15—5.30 Njebarkeun lagoe lagoe bobodoran (Main Pisang I-II, Bobodoran toekang gigi I-II, Orang sakit gigi I-II.
5.30—6.15 Njebarkeun lagoe lagoe Tionghoa (Soembangan ti toean Khouw A Tong).
6.15 Toetoep.

### PROGRAMMA N.I.R.O.M.

Golflengten: PASOENDAN.

Archipelzender (99 m); Batavia I (126 m); Bandoeng (49 m); Bogor (182 m); Soekaboemi (193 m).

Powe Saptoe tanggal 13 April 1935.

6.45 (isoek-isoek): Gramophonmuziek.
11.00 Gramophoonmuziek.
11.30 Aan het strand van Waikiki.
11.45 Schrijvenschouw.
12.15 Piano-syncopations Rale da Costa.
12.33 Concert.
1.15 Nirom-nieuwsberichten.
1.30 Lunchmuziek.
2.00: Toetoep.

6.00 Populair concert.
6.30 Gramophoonmuziek.
6.40 Fantasie opera „Cavalleria Rusticana".
7.00 Nirom-nieuwsberichten.
7.30 Programma „Elck wat wils".
8.00 Kamermuziek.
9.30 Programma „Elck wat wils".
9.30 Dansmuziek.
10.00 Gramophoonmuziek.
10.15 Toeloejna dansmuziek.
10.45 Gramophoonmuziek.
12.00 Toetoep.

### N.I.R.O.M. BAGIAN LAGOE-LAGOE ASIA.

Golflengte BATAVIA II (190 m

Powe SAPTOE tanggal 13 April 1935.

5.00 Njebarkeun roepa-roepa lagoe gamelan Djawa.
5.30 Njebarkeun roepa-roepa lagoe Arab.
6.00 Njebarkeun roepa-roepa lagoe Soenda.
6.30 Njebarkeun roepa-roepa lagoe Tionghoa.
7.00 Intermezzo koe lagoe-lagoe Barat.
7.30 Nirom-nieuwberichten:
8.00 Concert anoe disebarkeun koe krontjongorkest di studio Batawi
12.00 Toetoep.

*Golflengten DJAWA TENGAH DJEUNG DJAWA WETAN:*

*Golflengte Soerabaja I (67m) Soerabaja II (124m); Semarang (122m); Malang (191m); Djokja (181m); Solo (188m); Tjepoe (186m).*

Powe Minggoe tangal 14 April 1935

7.30 Njebarkeun bedja-bedja ti Garedja-garedja.
11.00 Concert isoek-isoek.
12.00 Gramophoonprogramma.
12.30 Zeemanskwartiertje.
1.00 Programma „Elck wat wils".
2.00 Toetoep.

6.00 Nirom-nieuwsberichten.
6.05 Njebarkeun roepa-roepa programma.
7.00 Symphonie No. 5 di E. kl. t., Op. 64 Tschaikowsky.
7.55 Sportuitslagen.
8.00 Concert.
9.30 „Instrumentale Jazz".
10.00 Njebarkeun roepa-roepa lagoe Asia.
11.00: Toetoep.

## Bedja-bedja

### Bedja officeel

Noeroetkeun bisloeit tg. 4 April 1935 ti Civiel Departement geus dieureunkeun ti 's Lands dienst kalawan kahormatan;

Saidjab alias Wirjiwidjojo anoe tadina djadi beambte Landspanhuisdienst di Besoeki diitoeng ti mimiti tg. 22 Juni 1932.

Soekardi, idem di Buitenzorg, idem tg 28 November 1932.

Idem henteu kalawan kahormatan:

Mas Soedirman, idem di Lempoejangan (Jogjakarta), idem tg. 31 October 1932.

Alwi gelar Soetan Radjo Amas, anoe radina djadi beambte anoe diwadjibkeun ngadjalankeun magazijnbeheer Landspandhuisdienst di Loeboek Pakam. (Oostkust v. Sumatra).

Noeroetkeun bisloeit tg. 5 April 1935.

Dieureunkeun kalawan kahormatan tina pagaweanana Commissaris (tijdelijk) pikeun ngoeroeskeun beheer Pensioenfonds locale ambtenaren bangsa Blanda di Ned. Indie Dr. A.L.A. van Unen Burgemeester Soekaboemi.

Dibenoemd kana idem, Ir. J.J. Jonker, ambtenaar anoe dina djero verlof keneh sarta anoe tadina djadi Hoofd Provincialen Waterstaat di West-Java.

Noeroetkeun bisloeit tg. 8 April 1935.

Dieureunkeun tina pagaweanana kalawan kahormatan sebagi wakil burgemeester di Makassar koe lantaran verlof sarta diitoeng ti mimiti tg. 1 November 1934, J.L.R. Fleischeuer.

Ditetepkeun kana pagawean anoe geus kasebeet tjikeneh, Mr. N.H. Leeprel, lid raad Gemeente di eta kota keneh.

Dibenoemd kana Notaris nga rangkep djeung Vendumeester 2e kl. di Malang, G.A. Soesman, anoe ajeuna keur ngadjalankeun eta pagawean keur saheulaanan di Tegal.

Diangkat deui ti mimiti powe ka hidji dina boelan, sanggeusna indit ti Nederland ka Suriname, salilana waktoe Gouvernoer Suriname di detacheer noe lilana lima taoen [tinggal sataoen djeung sabelas boelan deui] pikeun digawekeun sebagi tuinbouwkundig ambtenaar, J.A. Bange, ambtenaar anoe dina djero verlof keneh sarta anoe tadina geus njekel eta pagawean make perdjangdjian jen salilana dina djero waktoe ter beschikking aja loeareun ka koeatan korpsna.

Noeroetkeun bisloeit Goepernemen geus disahkeun koe Regentschapsraad Pamekasan dina vergadering noe diajakeun dina tg. 29 December 1934 verordening noe dingaranan: „Verordening pikeun ngarobah" Vermakelijkheidsverordening Regentschap Pamekasan" anoe anoe tg. 5 Mei 1934 anoe geus disahkeun koe Goepernoer Djendral dina bisloeit tg. 29 Juni 1634 No. 24 sarta anoe dibewarakeun dina Bijvoegsel provinciaal Blad Oost Java tg. 28 Augustus 1934 Serie C No. 7.

Geus disahkeun koe stadsgemeenteraad Semarang dina vergadering noe diajakeun dina tg. 25 Januari 1935 verordening anoe dingaranan:

„Verordening pikeun ngarobah Verordening pikeun njaboet belasting tina kendaraan anoe ditarik koe sasatoan.

— WASIR —

AAMBEIEN

ASTHMA

Kasehatan badan lebih berharga dari harta banda kita Djangan poetoes pengharepan, TABIB JACOB toch bisa toeloeng.

Pemberian tahoe!

Jang bertanda dibawah ini Tabib Jacob asal dari Hindoestan, tinggal di A.B.C.-straat 12A Bandoeng dengan ini menerangken bahwa ia bisa semboehken segala roepa penjakit dengan tida dipotong (operatie) saperti: Ambeien, Loempoeh, Bol, Asthma, Intjok Penjakit gindjel penjakit goela, Batoek, Radjasinga, Tuberculose t.b.c. Ezceem, (penjakit koreng, gatel en penjakit koelit segala roepa), prampoean jang tida membawa kotor atawa tida tjotjok atawa ada sakit atawa poetihan. Sakit prampoean kentjing nanah. Penjakit mata Lepra, Dysenterie dan semoea penjakit lainnja. Bisa didapet roepa² obat koeat boeat orang lelaki. Bisa semboehken segala roepa penjakit dari saja poenja obat jang terbikin dari akar², daon-daon dan boeah-boeah, sebab saja soedah bertahoen-tahoenan ada practyk, dan saja soeka dapet banjak soerat poedjian dari segala bangsa siapa soeka boleh dateng boeat saksiken sendiri, dan siapa soeka boleh panggil didalem atawa loear kota dan sanggoep mengirim Bestelgoed Rembours.

Memoedjiken dengen hormat, TABIB JACOB
A. B. C. straat 12A — Bandoeng — Telf. 1091
Filiaal: Groote Postweg No. 208 SOEKABOEMI

TUBERCULOSE T. B. C.

Kawadjiban noe djadi iboe.

Ngoeroes roemah tangga sareng ngadjagi moerangkalih.




Kana padamelan noe kasebat di loehoer teu kenging disebat enteng.

Tapi padamelan anoe karaosna beurat kenging didamel hampang koe kamandjoeranana.

Hiu Ngi Fen's
ANGGOER TJAP BOELAN

Eta Anggoer teu aja deui lalawanana kangge:

NGIATKEN KANA SALIRA
NAMBIHAN TJAI PINAREUP
NGITJALKEUN SALIRA POETJET.

NAMBIHAN KANA NAPSOE
DIDAMEL
TJOTJOG KANA WAKTOSNA ROESEBAN.

Di Bandoeng tiasa kenging ti:
Tiong Hoa Hokien Yok Pang, Djin Sioe Tong, Sin Ho Hin, Eng Seng Ho, Han Choon Tong, Tji Ho Tong, Ban Ka Tjoen, Khin Hin.

Hoofd depot:
HIU NGI FEN'S TRADING COMPANY
Kesawan No. 50 — MEDAN — Post Box 14

No. rg. 900 Avd. 1121

JOODKALIPILLEN TJAP „B. K."

jang soedah termashoer bagi
MEMBERSIHKEN DARAH SAKIT ENTJOK (rheumatiek) astma dan oerat² terasa kakoe (aderverkalking
Boleh dapet beli di saben toko² didalem pipah isi 20 pil, dengan atoeran memakannja

Monster dari 100 pil, dengan atoeran memakannja dikrim franco diroemah setelah terima kiriman postwissel dari f 1.— kepada

—N. V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK—

# Pasoendan!

Tanah PASOENDAN! Oerang PASOENDAN! di poeseurna TANAH PASOENDAN (BANDOENG)

Atikanana oge tangtos kedah nganggo dadasar atikan KAPASOENDANAN.
Tah, sakola noe njoemponan kana kapalaj teh manawi:

H.I.S. PASOENDAN
Poengkoerweg 12

a. Basa Walanda ti voorklas keneh soemawonten di klas 1 mah.
b. Lebet kana lijst sakola² anoe gadoeh hak kana atoeran kindertoelage.
c. Goeroena sadaja bevoegd.
d. Bajaranana mirah.
e. Kapalana djoeragan Karta Brata, moal aja noe bireuk.

Mangga lebetkeun poetra teh ka sakola „H.I.S. Pasoendan."
Nampi pimoerideun di oenggal-oengal kelas.

Bestuur Pagoejoeban
„PASOENDAN"
Tjabang Bandoeng

## Pangadjaran pamendak anjar

Koe margi pribados hojong ngadeudeul kana kamadjengan bangsa Priboemi, ngahadja pribabos ngajakeun pangadjaran **„BREIWERK"**, anoe teu kinten modelna kanggo Boemipoetra. Sakoemaha noe dimaksad hojong ngadjar, pribados nampi keneh pimoerideun. Atoeran-atoeran kenging badanten ka kantor, sareng kekengingananana anoe diadjar, koe pribados diitjal kalajan pangaos mirah pisan. Bilih te i pertjanten sae soemping bae ka kantor.

Ditampi saban dinten ti taboeh ? doegi ka taboeh 7 wengi.

Kairing koe kahormatan
108 **Mevr. NAITO.**

Kawit ti Tamblongweg, ajeuna pindah ka KATJA-KATJA WETAN NO. 95 BANDOENG.

KANTOREN
**R. Idih Praw ra di Poetra**
RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
Oeroesan: Civiel, Crimineel, sareng sadjabi ti eta
*Hoofdkantoor di Garoet*
Regolweg No. ?
*Bijkantoor di Tasikmalaja:*
H.A. Masdoeki, Djadjaweg No. 4
*Bijkantoor di Bandoeng:*
G. Tjikapoendoeng 176 13C

## HATOER OENINGA

Di etang ti ngawitan ... h ieu April 1935, sim koering pindah tempat ti Djakarta ka Bandoeng, Oost einde 9.

Koe margi eta, sagala roepi serat-serat, boh noe patali sareng oeroesan pakoempelan, atanapi oeroesan persoonlijk, soepados ditoedjoelkeun ka adres anoe ka sebat pandeuri.

Kanggo kaperloean Hoofdbestuur Pasoendan mah teras sakoemaha noe parantos bae, nja eta ka Gang Kadji 17 (Batavia centrum).

Hoermatna
**Oto Iskandar di Nata**

Hatoer oeninga ka sadaja para Djoeragan wirehna pribados ngagadoehan 2 MEDJA BOLA anoe nembe keneh diangge sareng masih weuteuh. Doepi ajeuna koe pribados bade diitjal deui compleet f 250.- anoe doea medja bola teh.

Tiasa soemping naroskeun ka rorompok di Gang Al ketiri No. 300 wetaneun Toko Tjijoda.

Hoermatna
No 110 TAN TJOE SAN.

**KENAPA TIDA TAHOE ??? DRUKWERKEN JANG DI-KELOEARKAN OLEH:**

**Druk: Tjahja-Pasoendan**

Gr. Postweg Oost 123 BANDOENG — Pekiringan 88 CHERIBON

**LEBIH MAHAL PEKERDJAANNJA TETAPI MOERAH HARGANJA**

PALAJ OENINGA
naon kapentingan dina Agama Islam?
Gampil langganan bae
**AL-MA WA 'IDZ**
Serat kabar Agama Islam minggoean.
Alamat: MANONDJAJAWEG, TASIKMALAJA.



TOKO A. B. C. PASSAR BAROE 49 - TELP. 123 BANDOENG.
HANDEL IN:
JACHT-, SPORT- en MUZIEK-ARTIKELEN, HENGEL en REIS BENOODIGDHEDEN, VUURWAPENS en MUNITIE, GASOLINE en PETROLEUM DRUKLICHT LAMPEN en ONDERDEELEN, HONDEN en NEW PERFECTION ARTIKELEN.
REPARATIE ATELIER voor VUURWAPENS, LAMPEN enz. enz.
PRIMA WERK en BILLIJK IN PRIJS MET GARANTIE.
ONDER DESKUNDIGE LEIDING.

BANDOENG, den 28 October 1934

Jang terhormat
Directie dagblad "SIPATAHOENAN"
di
BANDOENG.

Toean-toean jang terhormat!
Dengan perantaraan soerat ini, saja membilang banjak terima kasi, lantaran saja merasa banjak sekali hasilnja advertentie jang saja kasi masoek di toean-toean poenja soerat kabar.
Dari segala peloksok jang saja tida mengira, maka saja dapet pesenan barang-barang jang saja wartaken dalem Sipatahoenan.
Sajang tida dari doeloe saja mendoesin, kasih masoek saja poenja advertentie dalem soerat kabar Soenda, jaitoe Sipatahoenan jang dibatja orang banjak dan poenja pengaroeh besar.
Oentoeng djoega saja tida ketinggalan berlomba memadjoeken perniagaan dengan tetep pake djalan advertentie dalem toean poenja soerat kabar, serta dapetken hasil jang baik.

Toko A.B.C.Bandoeng.

INDIAN KRUIDEN MEDICIJNEN
**MUSLIM TABIB A.B. YUNANI**
Oude Kerkhofweg (Bantjeuj) 56, moeka Pasar Loak baroe, Bandoeng

| | |
|---|---|
| Oudekerkhofweg No. 56<br>Bantjeuj moeka pasar Loakbaroe<br>**BANDOENG** | Bij Kantoor<br>Pasar Antriweg no. 1147<br>**TJIMAHI** |

**Specialist aambeien (wasir) ampotency (peloe onder operatie.**

Ditanggel 12 dinten tiasa sae, zonder operatie sareng zonder dibeuleum, sareng deui tiasa ngalandongan sagala roepi panjawat loear sareng dilebet, noe parantos lami atanapi teu atjan lami Sinarengan istri noe teu tiasa bobot, tiasa oge dilandongan soepados tiasa djadi bobot.

**World Paradise oil** 72

N.B. Sareng njajagikeun saroepi landong, kanggo pameget doepi pangaosna noe 5 gram f 1.— noe 10 gram f 1,75. poeder Hima-laja anggoeun para istri, pangaos 5 gram f 1.- anoe 10 gram f 1,75.

Landong-landong tiasa dikintoen Rembours.

DJAM BITJARA: Taboeh 8 endjing² dongkap ka taboeh 1 siang
Taboeh 4 sonten dongkap ka taboeh 8 wengi


## PROGRAMMA van het EINDEXAMEN
## Kweekschool Pasoendan.
TASIKMALAJA

Plaats: M.U.L.O. Pasoendan Tasikmalaja.

Eerste deel (schriftelijk).

| Datum. | Vak. | Examinator. | Bijzitters. |
|---|---|---|---|
| 24 Mei '35, 3 —5 u. | Nederlandsch | v. der Velden | R. Soeriadiningrat, R. I. Soeriakoesoemah |
| 27 Mei '35, 3 —4 u. | a. Duitsch | v. Heulen | Patih v. Tasikmalaja. |
| 4.15—5.45 u. | b. Psychologie | A. Soedradjat | R. Soeleman |
| 28 Mei '35, 3 —5 u. | a. Algebra | v. Heulen | M. Elias en R. Did |
| 5.15—6.15 u. | b. Geschiedenis | A. Soedradjat | idem |
| 29 Mei '35, 3 —5 u. | a. Nederlandsch | v. der Velden | R. I. Soeriakoesoemah. |
| 5.15—6.15 u. | b. Rekenkunde | v. Heulen | R. Djakaria. |
| 31 Mei '35 3 —4 u. | a. Duitsch | v. Heulen | Soetisna Sendjaja. |
| 4.15—5.75 u. | b. Opvoedkunde | S. Prawira | M. Adimadja. |

Het mondelinge gedeelte op den 3den, 4den en 5den Juni '35. Bijzitters bovengenoemde Heeren.—

Tweede deel (schriftelijk).

| Datum. | Vak. | Examinator. | Bijzitters. |
|---|---|---|---|
| 11 Juni '35 3 —4.30 u. | a. Natuurkunde | v. Kerkhof | R. Soeriadiningrat |
| 4.45—6.15 u. | b. Engelsch | v. Nederlof | M. Elias |
| 12 Juni '35 3 —4.30 u. | a. Engelsch | v. Nederlof | M. Adimadja |
| 4.45—6.15 u. | b. Nederlandsch | de Bel | R. Djakaria |
| 13 Juni '35 3 —5 u. | a. Planimetrie en Stereometrie | v. Kerkhof | R. Soeleman R. Didi |
| 5.15—6.15 u. | b. Aardrijkskunde | v. Nederlof | R.I. Soeriakoesoemah |
| 15 Juni '35 3 —4 u. | a. Soendaasch | S. Iskandar | Patih |
| 4.15—5.15 u. | b. Maleisch | idem | Soetisna Sendjaja |
| 9.30—6.30 u. | c. Scheikunde | v. Kerkhof | R. Soeleman. |

Het mondelinge gedeelte gehouden op den 28 sten, 29 sten Juni en den 1sten Juli 1935.
Het praktijkexamen wordt op een nader vast te stellen tijd afgenomen.
Tijdens het mond. examen wordt de vrije tijd besteed aan teekenen en bordschrijven.

N.B. De gedetacheerde kweekelingen, die aan het eindexamen wenschen deel te nemen, moeten zich voor den eersten Mei 1935 schriftelijk tot den Directeur dezer school wenden.

Tasikmalaja April 1935.

De Voorzitter v.d B.P.P.
AHMAD ATMADJA

De directeur.
A. SOEDRADJAT


Anggo salamina:
SAPATOE
SELOP
TAROEMPAH
SANDAL

Kaloearan:
Schoenwinkel „ARDJOENO"
Soeniaradjaweg 71 — BANDOENG


# „KADARMAAN"

Koe:
*WIRATMADJA.*

9

Agoes Darma poho kana diri: powekna koe kanjeri, ngahoedang getih, ngagentak naek ka loehoer, ana timboel dina panon.

Panon noe beureum koe getih hajang nendjo deui getih, soepaja bisa tjampoer djadi hidji, lir oepama seuneu ngoedag bengsin.

Leungeun noe kentja kek kana salira Djoeag, noe katoehoe njekel peso balati tina medja, ngagoerilap katodjo koe sinar boelan... ............

Meh bareng pisan djeung ngadjeritna Djoeag, ti djero aja noe norodjol mamawa lampoe taplok bari ngagero:

„Aja naon, aja naon........! Oe djang, nanaonan eta teh, make djeung peso sagala!"

Manahoreng indoeng Agoes Darma, noe kabeneran aja di pangkengna keur babatjaan, tas salat Magrib. Datangna oge mamake keneh moekena.

Sakedap netra djep kawas gaang katintjak. Leungeun Darma doeanana ngoelapes, pesona ngagoler di handap: Djoeag Ika ngaroempoejoek dina bangkoe; Nji Mas Moerti ngadjanteng keneh di lawang, njenjekel lampoe.

Tiloeanana pasemon noe poharа reuwasna, lir anoe kabedil langit.

Saleberna, pok Darma ngomong sorana goemeter:

„Djoeag! Bieu pisan hate engkang pohara ngentabna, leungit kasabaranana.

Oentoeng kaboeroe koe indoeng, noe njirnakeun hawa napsoe, ngahoedang kamanoesaan.

Saenja-enjana geus pinoeh teuing koe kaera koe salira andjeun, soemawonna koe diri pribadi."

Toeloej malik ka Nji Mas Moerti:

„Ema, simpen lampoe teh dina medja. Ieu istri teu damang deui kagareuwah koe abdi. Engke oge ari sareng ema mah moal boeroeng damang.

Ari abdi bade ka Tjiawitemen, aja lereskeuneun, tatjan tangtos iraha piwangsoeleun.

Ieu istri satoengtoeng soekaeun djadi tamoe oerang, njanggakeun. Poelasara teu langkoeng ema.

Oepami hojongeun moelih ka iboe-ramana, iraha bae oge, oelah diwagel. Sonten ieu abdi mios!"

Geus kitoe leos ka toekang, rek dangdan heula.

Teu lila djol deui saged noe rek loemakoe djaoeh dina koeda.

Di pangkeng „kantor" njampak Djoeag Ika keur njoeoeh kana lahoenan Nji Mas Moerti dina bangkoe.

Bari nangtoeng di lawang tepas, pok Darma ngomong deui:

„Djoeag, ajeuna kasaksian koe ema, noe oeningaeun bener di adat tabeat engkang ti boeboedak nepi ka kolot kieu. Iraha bae oge teu aja wagelanana moelih ka iboe ka rama, noe ngatik Djoeag ti moemoerangkalih, soepaja koe koeh mageuhan kamenakan, kahormatan djeung bebeneran.

Kalawan kasaksian koe indoeng sareatna, engkang soempah koe paneda ka noe Maha Soetji, moe ga-moega katjintaan boeloe taneuh ka poetra menak anoe agoeng sarta loehoeng, ti wangkid ieu leungit tina hate.

Pikeun pangeling-ngeling kana soempah bieu, engkang djangdji, moal deui-deui njaritakeun katjintaan ka saha bae, soemawonna ka Djoeag, boh nembongkeun koe pameta atawa koemaha bae.

Soepaja Djoeag paler ka salaki anoe hina sarta laip, engkang moal maksa atawa marentah, soepaja Djoeag tetep-toemetep di imah ieu atawa di gedong iboe-rama.

Mana noe djadi kasoekaan bae. Djoeag merdika saendeng-endengna, tjara samemeh ditanjaan koe boeloe taneuh noe takaboer bae, noe teu ngoekoer ka koedjoer!"

Ari geus ngomong kitoe, djoet toeroen ti imah.

Saringkangna koe Djoeag diawaskeun, ketjap-ketjapna dirara-oskeun. Boa-boa ngandoeng harti anoe moenel, da medal tina dada sarna rasa. Kakerasanana noe lantip boedi.........

Keur kitoe kadangoe sora tala pok koeda diloempatkeun.

Nji Mas Moerti lesoe-lesoe oge maksakeun maneh ka pangkengna, ninggalkeun Djoeag njoeoeh kana tangan-tangan korsi, soemegroek eueuriheun, tanda ngarakatjak manahna.........

— — — — — — — — —

*BAGIAN KADOEA.*

*VIII. LANGEN-SARI.*

Djaoeh njingkoer di sisi lemboer Sidajasa aja gedong kabaheulaan, pohara gedena djeung agrengna. Katoet adegan-adegan noe sedjenna katendjona ti kaang gangan, di tempat noe rada loehoer, majakpak tengah-tengah ia oetan kekembangan, sakoeriling-boengkingna dikoeta tembok make doea tiloe panto beusi noe tohaga, lir oepama lawang saketeng di saban katja-katja, tapel wates dajeuh nagara baheula.

*(Samboengeun).*